

# NYOTA



Mazvita, Hama Vayle. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

Manheru akanaka, shamwari. Irombo rakanaka kuva pano manheru ano. Ino inguva yangu yechipiri kuva muno muGrantway Assembly, pamwe nehama yangu inodikanwa, Mack, nevashandi vose vakanaka vari pano, nemaKristu akabatana vachibva kune machechi akasiyana-siyana, Hama Lee Vayle. Uye ndichangobva mukusangana nehama pano, uyo, sha—shamwari yepedyo yeHama F. F. Bosworth, uye vanga vasiri kana kumboziva kuti Hama Bosworth vakaenda kunova naShe. Ndikati, “Ndiri kunzwa sokunge ndasangana naEriha uyo waidira mvura pamawoko aEria,” apo pavakange vari mhiri kwemakungwa havana kuziva kuti Hama Bosworth vakaenda kunova naShe, vave nemakore makumi masere nemana okuberekwa.

<sup>2</sup> Iye zvino ndinoda kukwazisa hama dziri parunhare manheru ano, munyika yose, kwese kubva muCalifornia kusvika muNew York, neTexas ne—nekumusoro kune dzimwe nzvimbo dzakasiyana dzenyika, kubva kuMaine kusvika muCalifornia. Saka, tine hu—hurongwa hwekubatanidza nhare idzi, icho chive chirapafadzo chikuru. Uye zvino tinonzwisisa, kubudikidza neshamwari yedu yakanaka, Hama Peary Green, kuti vave ne—nekamuchina kaduku kavanogona kuisa paterevhizheni yako, zvokuti zvinenge zvichisingori panhare yoga asi zvinobuditswa paterevhizheni yakowo, zvakare. Zvino vari kumbozviwongorora.

<sup>3</sup> Uye, Hanzvadzi Mack, ndinofara kukuonai muchiratidzika zvakanaka, mugere pano paogani, manheru ano. Uye neshamwari dzangu dzakawanda dzandiri kuona dzinobva zasi kuSierra Vista, neHama Borders. . . kana Hama Roberson, ndizvo zvandiri kureva, vanobva kuIndiana; vazhinji. Ndinoda kuti kuvanhu vari patabhenakeri, manheru ano, zvinoita sokunge chikamu chepakati chavo chiri zasi kuno, avo vanobva patabhenakeri yekuJeffersonville.

<sup>4</sup> Uye kushamwari yangu kumusoro kuno, Hama Kuhn, pane zvakamandifonera, maererano nechikumero, chehurwere. Ndiri kuchinamatira, Hama Kuhn. Ingovai nokutenda. Musanetseka. Zvichaita zvakanaka.

<sup>5</sup> Zvino zasi kuTexas, Hama Blair, kana makateerera manheru ano, hama yangu, ingorangarirai izvi; kuti Mwari Uyo akambokubatsirai pakutanga, anogona kukubatsirai rwepiri. Uye tiri kutenda kuti Mwari achazviita kwauri. Uye musatore nhema dzadhuyabhorosi pamusoro pechipi zvacho. Imi ingorangarirai kuti Mwari ndiMwari, uye pane. . . uye

Anoramba ari zvimwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Uye tinoMuda nekutenda maAri, uye tiri kukunamatirai.

<sup>6</sup> Kushamwari dzedu dzose dziri muCalifornia; kuHama Mercier nevamwe vari kuno kuArizona, nedzimwe nzvimbo dzakawanda, Phoenix; neHama Williams, nekunemi mose makabatanidzwa nenhare kumusoro uko manheru ano, kwese kwakapoteredza, tinotenda zvikuru; uye nezasi kuGeorgia. Uye tinotenda zvirokwazvo nokuda kwemumwe nomumwe wenyu. Mwari akuropafadzei.

<sup>7</sup> Ndine manzwiwo ekunyatsogamuchirwa zvakanaka pano manheru ano, muchechi ino yakanaka, yeAssembly of God muno paGrantway, uye neHama Mack, shamwari yangu yakanaka. Mwari akaropafadza Hama Mack. Ndinorangarira pane imwe nguva muCanada, kuti vaive . . . ndaifamba nekanzira kemhuka, seri ndiri pabhiza, mukati memasango, zvino Mweya Mutsvene wakataura neni kuti ndiburuke ndinamatire Hama Mack. Panguva iyoyo vakanga vari panjodzi, zvino Ishe vakavapodza. Saka ndinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo, uye nokuva pamwe chete navo pano manheru ano, tichinamata Ishe muChokwadi chakanaka ichi.

<sup>8</sup> Murume agere papuratifomu, shure kwangu, ati, “Handifunge kuti munondiziva.” Ndokuti, “Pane imwe nguva makanditakura nemotokari, pandaiva mufambi anokwira chese chinenge changomuka ipapo,” uye, handizive, nechekumusoro kuBoston kana kumwewo, “Detroit, achifamba nechese-chese.”

<sup>9</sup> Zvino ndati, “Zvakanaka, ndinoedza kakawanda kutambanudza ruwoko, pandinokwanisa, kune avo vanenge vachishaiwa.”

<sup>10</sup> Saka, manheru ano, tose tine zvishuwo. Uye tinonamata kuti Mwari vachatipa ruwoko rwavo manheru ano, rwebetsero, rwemaropafadzo, rwenyasha netsitsi dzaVo.

<sup>11</sup> Iye zvino, ndakati jairirei kupota ndichitaura kwenguva refu, asi ndichaedza kusadaro manheru ano. Nokuti, vanhu vari kumusoro muOhio vachangobva kufona, Mai Dauch neboka riri ikoko, Hama McKinney neHama Brown, nevamwe vose vakabatanidzwa nenhare inopfuura nemuOhio. Tinokutumirai kwaziso, zvakare. Nguva dzafamba chaizvo kuNew York, zvokuti ndinofungidzira kuti dzave eleven kana kuti twelve o'clock, panguva ino, muNew York. Uye machechi auya akamirira kusvikira panguva ino, nokuda kwesevhisi. Tinotenda nokuda kweshamwari dzakanaka dziri kwese-kwese.

<sup>12</sup> Iye zvino tisati tavhura Shoko, ngatitauzei neMunyoru, kwechinguvana, patiri kukotamisa misoro yedu.

<sup>13</sup> Baba veKudenga Vanodikanwa, tiri . . . moyo yedu iri kupfachukira nomufaro, nokuda kwemukana watiinawo wokunge tiri vapenyu pano manheru ano, uye nokuungana

pamwe chete nevanhu veNyu. Vanhu . . . uye avo vatinotenda kuti vanorarama nokusingaperi. Iko zvino tine Upenyu Husingaperi, nokuti, “Makapa Mwanakomana wenyu akabarwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri haazoparari, asi anowana Upenyu husingaperi.” Parwendo rwaKe pano pasi, Akatidzidzisa, “Uyo anonzwa Shoko raNgu nokutenda mune Uyo wakaNdituma, ane Upenyu husingaperi; uye haapindi mukutongwa, asi apfuura kubva murufu achipinda muUpenyu, nokuti takatenda mune Mwanakomana waMwari akaberekwa ari oga.” TinoKutendai zvikuru nokuda kweMuponesi mukuru uyu! Uye tinonamata, manheru ano, kuti Hupo hwaKe hukuru hugotiropafadza pamwe chete pano, patichaverenga Shoko raKe nokutaura pamusoro paRo. Itai kuti Mweya Mutsvene ariendese kumoyo wose munyika yose, Ishe, pose apo pakaungana vanhu pamwe chete.

<sup>14</sup> Ropafadzai vamwe vashumiri vari papurupiti. Tinonamata, Baba, kuti mugoropafadza Grantway Assembly ino; mufundisi wayo, mudzimai wake, vana vake; madhikoni, matirasitii, nebhodhi rose. Uye, Baba, dai tikashandira Humambo hwaMwari pamwe chete, pachine Chiedza chakakwana kuti tione kwatiri kuenda, nokuti nguva ichasvika apo panenge pasisina munhu achagona kushanda. Zvino, Baba, tichine mukana uyu, dai isu—dai isu tikadzikinura nguva, Ishe. Dai isu, izvi tazviitirwa. Podzai varwere nevanotambudzwa vari munyika yose. Dai Hupo hwaMwari hwanzwika mune yose hwangwadza nekona yenyika, manheru ano.

<sup>15</sup> Tinocherechedza kuti kutongwa kwasvika. Zvimedu zvenyika zvikuru zviri kunyura, uye nyika iri kuzunguzika, nekundengendeka kwepasi kuri munzvimbo dzakawanda. Zvinhu zvikuru zvemunhorooondo zvatakanzwa munguva dzakapfuura, zvekutongwa, kuri muBhaibheri, uye tiri kuona zviri kudzokororazve muzuva rino. Chiporofita chichiti, “Sezvazvaive mumazuva aNowa, ndizvo zvazvichange zvakaita mukuuya kweMwanakomana wemunhu. Sezvazvaive mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichange zvakaita mukuuya kweMwanakomana wemunhu,” uye tiri kuzviona zviri kuitika izvozvi. “Moyo yevanhu iri kukundika; nguva dzekushushikana; kunetsana kwemarudzi.” Mwari, tinoziva kuti tave panguva dzekupedzisira.

<sup>16</sup> Tibatsireiwo, Ishe, kuti—kuti tiendese Mharidzo kuhwangwadza nekona dzose, kumwana wose waMakatamera kuUpenyu. Zviitei, Ishe. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Ameni. Ishe, varopafadze zvino kuverengwa kweShoko raVo.

<sup>17</sup> Zvino vazhinji venyu munofarira kutarisa muBhaibheri, pari kuverengwa nemushumiri. Zvino ndinoda kuverenga manheru ano, mavhesi maviri, kana matatu kubva mumaPisarema, Pisarema 42, senzira yekuwana nayo musoro wemharidzo. Zvino ndine maGwaro andakanyora pano, uye ndinoda

kutaura nezvawo, ndikakwanisa, patinenge tichienderera mberi mumaminiti mashoma anotevera, tichitaura nezvenyaya iyi. Pisarema raDhavhidha. Dhavhidha akanyora maPisarema.

<sup>18</sup> Zvino muri kuvhura, ndinogona kutaura izvi. Vanhu vazhinji vanoti, “Nhandi, ko maPisarema akafemerwa here?” Zvirokwazvo, akafemerwa. Aka . . .

<sup>19</sup> Chose chiri—chiri muBhaibheri rino chakafemerwa, inogona kunge iri nhoroondo, dzingava dzimbo, chingavei. Zvakafemerwa. Jesu akati, “Hamuna here kuverenga zvakataurwa naDhavhidha mumaPisarema?” Uyezve ndinofunga kuti, maPisarema, zvirokwazvo, idzimbo. Zvino kana dzimbo dzakafemerwa naMwari, zviru izvo, zvandinotenda kuti ndizvo zvadziri, uyewo dzine chiporofita, ndine tariro yokuti ndimire muzvira iro pachazadzikiswa chimbo ichi.

Pachava nomusangano muchadenga,  
Mukutapira, kutapira gare gare;  
Ndichanosangana newe, ndokukwazisa ikoko;  
Kune uyo Musha mberi kwematenga;  
Kuimba kusakambonzwikwa,  
kusakambonzwikwa nenzeve dzemunhu,  
Zvichange zvichibwinya, ndazviture!  
Zvino Mwanakomana waMwari pachaKe  
achave Mutungamiriri  
Pamusangano wemuchadenga.

O, ndi—ndinoda kuvapo panguva iyoyo!

<sup>20</sup> Zvino Pisarema 42.

*Senondo inotakwairira hova dzemvura, saizvozvwo mweya wangu unotakwairira imi, O Mwari.*

*Mweya wangu une nyota kuna Mwari, iye Mwari mupenyu: ndichasvika rinhiko ndiwonekwe pamberi paMwari?*

*Misodzi yangu zvakanga zviru zvokudya zvangu masikati nousiku, apo vangu . . . apo pavanoramba vachitaura kwandiri vachiti, Mwari wako uripiko?*

<sup>21</sup> Ndinofunga kuti, Dhavhidha, paakanga achinyora Pisarema iri, akanga ari mukushushikana. Zvino kazhinji zvinotora kushushikana kuburitsa zvakanakisa kubva mumunhu. Ndizvo, zvirokwazvo, ndipo apo Mwari . . . kusvika pokuti tinotsanya, nguva dzakawanda, kuti tizviise pachinhano chokuti tigozvibvisa munzira. Uye ndinofunga kuti, kana Dhavhidha achinge apinda panzvimbo dzakadai, ipapo aibva atanga kufunga pamusoro paShe, otanga kufunga pamusoro pezvinhu.

<sup>22</sup> Nguva zhinji, Mwari vanotiisa mu—munzvimbo dzakamanikana uko kwatinongozotarisa kumusoro. Dzimwe nguva tinotofanira kurara namanhede muchipataro, kana pamubhedha pane imwe nzvimbo, kuitira kuti tigotarisa

kumusoro kuti tione uko kunobva maropafadzo makuru aMwari.

<sup>23</sup> Zvino izwi randiri kuda kutaura kubva pariri manheru ano, izwi rimwe kubva muBhaibheri, iro rinowanikwa muvhesi yechipiri, “nyota,” izwi: *Nyota*. Ndanga ndichitarisa muduramazwi pandanga ndichitsvaga izwi iri.

<sup>24</sup> Ndanga ndiri kufunga pamusoro pe—peimwe mharidzo pane imwe nguva, ndakaparidza nezve*Nyota YeUpenyu*. Uye ndakaitora kubva mumaPisaremawo, zvakare, apo Dhavhidha akati, “Mirairo yeNyu,” ndinotenda, “yakakosha kwandiri kudarika upenyu.”

<sup>25</sup> Zvino ndanga ndakatarisa ndichifunga pamusoro peizwi rinoti “nyota,” nokudaro ndakaritsvaga muduramazwi, kuti ndione zvarinoreva. Zvino izvi ndizvo zvinotaurwa naWebster, “Chishuwo chinorwadza,” chinorwadza, apo paunenge uri kuda chimwe chinhu zvakadzama kusvikira zvava kukurwadza.

<sup>26</sup> Zvino, ha—hachisi chinhu chinopesana namasikirwe edu, kuva nenyota. Nyota chinhu cha—chakasikwa. Ndechingu icho Mwari chaakangotipa, kuitira kuti tigokwanisa, kuva nechi—chishuwo chechimwe chinhu. Dzimwe nguva Mwari, zvakarewo, akakupa nha—nharirire yekukutungamirira, chimwe chinhu chigere mauri, chine—chine simba rokutungamirira zvishuwo zvakasiyana-siyana izvi. Zvino nyota iyi, nharirire iyi inogara mumoyo wemunhu, chimwe chinhu chaakapiwa naMwari ku—kumuyambira pamusoro pezvishuwo zvinodikanwa maari.

<sup>27</sup> Zvino pane mhando mbiri dzenyota. Pane nyota, yepanyama. Pane nyotawo, zvakare, yepamweya. Ndiri kuda kuzviverenga, zvakataurwawo naDhavhidha, zvakare.

*Mweya wangu une nyota kuna Mwari, iye Mwari mupenyu. . .*

<sup>28</sup> Kwete wenhorondo, kana zvimwewo zvakamboitika makore akapfuura, kana—kana imwe ngano yakambotaurwa nemumwe munhu; asi, “yaMwari mupenyu,” Mwari anogara aripo nguva dzose. Zvino mweya wake wakava nenyota yaMwari iyeye, kwete zvimwe zvenhorondo.

<sup>29</sup> Zvino tinoona kuti, Mwari akakupa nharirire, kuti ikupe zvinhu zvaunoshuva. Zvino, nharirire iri mauri ndiyo inokutungamirira. Uye nyota iyi inouya nepanha-. . . rire, nharirire, yokuudza zvinhu zvinodikanwa, tichirevera pamweya. Nharirire mumutumbi, neiri mumunhu wemukatiwo, zvakare. Pane nharirire mumutumbi, inokuudza zvishuwo zvinodikanwa mumutumbi wako, zvinounzwa kwauri nenyota. Uyezve, pane nharirire mumunhu wemukati, inokuudza zvinhu zvepamweya zvaunoda, chimwe chinhu mumweya wako, uye, zvino iwe naizvozvo unogona kuziva mhando yeupenyu huri kukutungamirira.

<sup>30</sup> Kana iwe—kana iwe ukakwanisa kuona zviri zvizhuvo zvako, zvino unogona kuziva, naizvozvo, kuti imhandoi yechinhu chiri mauri, chiri kusika chishuwo ichi chauinacho. Munoono, pane chimwe chinhu chaunoshuvira, zvino chi—zvino chinogona kukuudza kumunhu wako wemukati kuti chishuwo ichi chakaita sei, nokuda kwemhando yenyota yaunayo. Ndinotarira kuti munogona kuzvinzwisisa.

<sup>31</sup> Pane nha—nharirire yemumunhu wemukati, neimwe yemutumbi, zvino imwe yenharirire inodanidzira yambiro kuzvishuvo zveimwe. Imwe neimwe inodanira kuchishuwo chiri kudansirwa nemudani, inotumira saisai reyambiro.

<sup>32</sup> Sokuti, nya—nyama ine nyota yekugutsa zvizhuvo zviri mumutumbi, uye mweya unoshuva zvinhu zviri mumunhu wemukati, chishuwo ndeichi, zvino nguva zhinji izvozvi zvinorwisana. Tinoona ipapo, rinova dambudziko guru nhasi, kuti vanhu vakawandisa vanoedza kugara pakati pezvishuvo zviviri izvi. Nokuti, chimwe chazvo chinoshuvira zvinhu zvenyika, chimwe chinoshuvira zvinhu zveKudenga.

<sup>33</sup> Sezvakataurwa naPauro, anozvitsanangura sezvizvi muvaRoma 7:21, “Pandinenge ndichida kuita chakanaka, ipapo chakaipa chinenge chiri pedyo.” Paunoedza, makasangano here nezviitiko zvakadaro, Makristu? Kuti paya paunenge uri kuedza kuita chimwe chinhu chine basa, uchiedza kuita chimwe chinhu chakanaka, ipapo uzoona kuti pana dhiyabhorosi, mativi ose, kuti akuvhiringidze, pane zvose zvaunga... Zvino ichocho chinhu chakanaka, ichocho. Ndinoda kuzvitaure, kuitira kuti Makristu agoziva. Kuti kana iwe wave—kana iwe wave kutanga kuita chimwe chinhu, panenge paine chimwe chinhu nguva dzose chinenge chichiedza kukuvhiringidza paunozviita, zviite kunyangwe zvakadaro. Ndidhiyabhorosi ipapo, ari kuedza kukudzivisa kuita zvakana.

<sup>34</sup> Zvino, kakawanda, ndinosangana nevanhu vasingatane kuhuta-huta zvizhoma. Kana vakaona kuti vari kuedza kuita chimwe chinhu, uye—uye zvinhu zvose zviri kungovadzivisa kumativi ose, vanoti, “Pamwe hakusi kuda kwaMwari.” Muri kuona? Zvino usarega dhiyabhorosi achikunyepera zvakadaro.

<sup>35</sup> Chinhu chokutanga, ndechokuona kana kuri kuda kwaMwari, kana kwete. Zvino kana uchida kuziva kana kuri kuda kwaMwari, tarisa muBhabheri. Ndicho chinhu chi—chinokutwasanudza, iShoko raMwari; zvino kana ukazviona zviri muShoko raMwari, kuti iwe uzviite.

<sup>36</sup> Toti, semuenzaniso, kutsvaga rubhabhatidzo reMweya Mutsvene. Kazhinji, ndakasangana nevanhu, vachiti, “Nhandi, ndakatsvaka Mweya Mutsvene, zvino ndakatadza kuUgamuchira. Handitendi kuti Ndewangu. Nguva dzose pandinozviita, ndinorwara. Zvino pandinotanga kunamata, kana ndikatsanya, ndinorwara. Ndikaedza kuve ndakamuka

usiku hwose, ndinotogara, ndinobatwa nehope dzakasimba. Ha—handikwanise kumira netsoka dzangu.” Rangarira, ndiye dhiyabhorosi. Nokuti, Mwari anoda kuti uve neMweya Mutsvene. Ndewe uyo anoda.

<sup>37</sup> Kazhinji unoona kuti, kana wanamatirwa, mumusangano, kuti upodzwe naMwari, zvino zuva rinotevera unozoono kuti, pasina kupokana, kuti dhiyabhorosi achaita kuti zvigoshata zvapaketwa kaviri kudarika zvazvaive nezuro wacho. Maona? Rangarira, anongori Satani ari kuedza kukubvisa pamaropafadzo ako ari kuna Mwari. Maona? Usamboterera muchinda iyeye. Maona? Nguva dzose enda mberi zvakadaro.

<sup>38</sup> Ndakava nechitiko chezvacadaro nguva shoma yapfuura parwendo rwekuenda kuAfrica. Kana ndakambova neimwe nguva apo dhiyabhorosi akambondimanikidza, kwaiva kuenda kuAfrica panguva ino yandapedzisira. Wakazova mumwe we—wemisangano yakanakisisa nenguva apo pandakamboenda mhiri kwemakungwa. Ndakawana, ndinotenda, zvinhu zvakawanda zvandakakwanisa kuita panguva shoma iyi pandakanga ndiri ikoko, ndisingaverengeri rwendo rwangu rwekunovhima, kudarika zvandakamboita pane dzimwe nguva dzose. Ndaigara ndichifunga kuti machechi aya haandide ikoko, zvino ndakazoono kuti...Ndakanga ndiine tsamba yakabva kune mumwe munhu, yokuti, o, havasi kundida ikoko, mubatanidzwa wose; zvino ndokuzoono kuti akanga ari munhu mumwe chete, aiva nebepa rekunyorera tsamba kubva kune rimwe sangano, yaiti, “Hatisi kukudai,” achizvirevera iye nemhuri yake. Maona? Saka pandakasvikako...Munoona, kungoti “isu,” akanga ari iye nemhuri yake; zvino vakanga vasiri vanhu vaya, zvachose. Saka, zvino wave munda mukuru watazarurirwa.

<sup>39</sup> Muri kuona, Pauro paakati, “Pandinenge ndichida kuita chakanaka, ipapo chakaipa chinenge chiri pedyo.”

<sup>40</sup> Rega munhu wechidiki achangotendeuka auye manheru ano kuaritari, pane imwe nzvimbo muno mutabhenakeri ino, kana—kana kunze uko munyika; zvino ingorangarira, mangwana, amai vanenge vakashatirwa kudarika mamwe mazuva ose, baba vanenge vakagumbuka, uye nevana vose vechikoro. Zvino zvinhu zvose zvinovhiringika, nokuti ndiSatani ari kuedza kuti utendeuke. Ari kuedza kuda kukubvisa muGwara. “Pandinenge ndichida kuita chakanaka, ipapo chakaipa chinenge chiri pedyo.”

<sup>41</sup> Zvino ngatitarisei panyota, tigoona zvirokwazvo kana nyota chisiri chinhu chinowanikwa pamasikirwe. Ndine vanhu vaindiudza, “O, handina zvandakamboita. Ndinotenda kuti zvinongoriwo mune vamwe vanhu kungoda kuva Makristu.” O, kwete. Handizvo. Chaizvoizvo chimwe chinhu chinowanikwa mumunhu wose. Ichokwadi chaicho. Patakauya munyika ino

mumazuva akare, takawana maIndia ari muno. Zvino maIndia, kunyangwe vakange vari vahedheni panguva iyoyo, vainamata zuva kana zvimwewo. Kana vachingori vanhu chete, pane chimwe chinhu chiri mavari, nyota yepanyama, inodanira kuna Mwari, ari kune imwe nzvimbo.

<sup>42</sup> Seri kumasango, seri ikoko nguva shoma yapfuura, mamaera mazana mana nemakumi masere kubva panogara vanhu, kaguta, kaduku kane vanhu zviuru zvitatu, keBeira, muMozambique. Takawana vagari vemo vechitema vakanga vasinga...vasina kumbobvira vakaona munhu muchena. Ndakawana musikana wechitema, akanga asina kusimira, (vazhinji vavo kashoma kunge vakapfeka nguwo), zvino akanga akagara mumuti. Zvino ndakanga ndiri kuronda shumba, zvino pakanga paine... Ndakanzwa chimwe chinhu chakaita semunhu, chichiridza mhere. Musikana wechitema akanga akagara kumusoro uko, akavhura maziso, akabata mwana mucheche. Zvino zvaaitya...Ndiyo chengetedzo yake yoga, kukwira mumuti, kubva kushumba, mbada kanawo zvimwe, kana imwe mhuka. Zvino akange andiona, ndokunzwa kuti munhu, asi paakatarisa ndokuona munhu muchena! Akanga asati akambomuona muupenyu hwake hwose, munoona, akanga zvino achitya zvokufa. Maona?

<sup>43</sup> Asi patinowana vanhu ava, kunyangwe vari muchinhano chokusaririra kumashure seri ikoko, zvakadaro vainamata. Tisati tabata shumba iyi, vakadururira tuupfu (ndihwo hwavanodya) pakashizha, voombera nemawoko avo, vachidana pamweya wechimwe chinhu chikuru chavasingazive kwachiri (semusande akafa uyo anonzi anokuchengeta kanawo zvimwe, kumuKatorike), kuvachengetedza, kuti vasauraiwe panguva iyo shumba inenge youya kuzorwisa.

<sup>44</sup> Munooona, zvinhu zviru pamasikirwe. Hachisi chinhu chinganzi hachitarisirwe panyama kuti uve nyota yaMwari. Zviru pamasikirwe. Chinhu chaunongofanira kuita. Mwari akakuita wakadaro. Handi zvevanhu vemhando yepamusoro-soro, ndezve munhu wamazuva ose. Hazvisi zvakatsaurirwa vamwe vanhu.

<sup>45</sup> Vanoti, “Zvakanaka, ndakaona vamwe vanhu vachirarama upenyu hwe—hwekukunda, zvokuti nguva dzose vanongogara vachifara, vachirumbidza Mwari. Ndinoshuva kuti dai ndainzwawo saizvozvo.” Zvakanaka, chikonzero uine manzwiwo akadaro, inyota iri mauri. Uye chinhu chinowanikwa pamasikirwe. Zviru kumunhu wose, kuti ave nyota yaMwari.

<sup>46</sup> Zvino tichatora zvimwe zvepanyama. Nyota inotanga. Ngatitorei, semuenzaniso, nyota yemvura. Sekutaura kwakaita Dhavhidha pano, kuva nyota, ye “mvura.” Nyota yemvura, mutumbi unenge uchida mvura. Zvino ukasapa kunyota iyi, unoparara. Unopera mvura mumuviri, zvino ha—hauzorarami.



Kana ukasapa mvura kunyota iyi, kugutsa nyota iyi yemutumbi wepanyama unofa nokukasika. Hauzorarami kwenguva ndefu. Unogona kurarama nguva yakareba usina chikafu kudarika yaungararama usina mvura. Nokuti, unogona kutsanya kwemazuva makumi mana (Jesu akaziita), ndinodaira kudaro, asina—asina chikafu, asi haukwanise kuita zvakadaro usina mvura. Unooma mvura yose wobva wafa. Unofanira kuwana mvura. Zvino—zvino nyota inouya pauri, handiti, ndeyekukuratidza kuti mutumbi uri kuda chimwe chinhu, kuti urambe uchirarama. Mutumbi unofanira kuwana mvura, kuti urambe uchirarama. Une zvikamu zvinodarika makumi masere kubva muzana zvemvura nemafuta, zvakadaro, zvino unofanira kunwa zvinhu izvi, kuti zvikuchengetedze uri mupenyu. Sokutaura kwandamboita, kana ukazvishaira hany'a unoparara.

<sup>47</sup> Nyotawo zvakare chinhu chinopa yambiro. Iwachi inokuyambira, iyo nyota. Munhu wemukati anoridza yambiro yemuwachi, kamwe kanhu kanorira mauri kachikuudza kuti rufu rwave kutambira pedyo. Zvokuti, kana ukasawana mvura nokukasika, unotofa. Zvino inoramba ichiwedzera kudandizira, kusvika pakupedzisira ukaramba pasina zvauri kuita unozofa, nokuti iyambiro yewachi.

<sup>48</sup> SaDhavidha akazvitsanangura muno mumaPisarema, “Senondo inotakwairira hova dzemvura, naizvozvo mweya wangu unokutakwairira Imi, O Mwari.” Senondo inotakwairira hova yemvura!

<sup>49</sup> Ndinowanzofunga, ndichiverenga izvi nezvaDhavidha. Dhavidha waiva munhu wemasango, muvhimi. Uye aivhima nondo, saizvozvo. Zvino vazhinji vedu, muzuva rino, tinodzivhima. Nondo imhembwe.

<sup>50</sup> Zvino tinoona, kana wakamboona imbwa, imbwa dzemusango dzinobata nondo. Zvino kazhinji dzine, semakava, mazino makuru akapinza. Zvino inogona kubata nondo nezhepamusoro panotangira nzeve, *pano*, yozvikandira nehuremu hwayo. Inobva yacheka huro yenondo, zvino nondo inenge isisina mumwe mukanzve. Asi pane dzimwe nguva i—i—imbwa, seuko kuAfrica, imbwa yemusango inobata nondo parutivi, kana yapotsa huro. Inobata, kechipiri, parutivi. Zvino nondo kana yakasimba zvakakwana uye ichigona nokukasika, inogona kuzunzira imbwa kwakadaro.

<sup>51</sup> Nondo inoidarika kumhanya. Imbwa inoinyangira iyo painenge isingaione, uye kana yakamira kudivi riri kubva nemhepo kubva nekwairi, uye—uye ha—haizivi kuti i—imbwa yave pedyo.

<sup>52</sup> Zvino, kana imbwa yemusango yaibata, kana iri inokasika, inogona kuisasamura. Zvino, kana imbwa yabva parutivi, inenge yakazara mukanzve nenyama yenondo. Kana, kana ikaibata

nepahuro dzimwe nguva, inoicheka kusvika pedyo netsinga huru yepahuro, yoipotsa. Zvino nondo, painoizunza, inokwachura zinhindi renyama kubva pahuro yenondo, zvino ropa rinobva ratanga kukuja.

<sup>53</sup> Zvino imbwa inobva yatevera muhwezva weropa, ichitevera nondo. Zvino apo upenyu hwenondo pahunenge hwave kupera, sezvo ropa, rinova ndiro chitubu cheupenyu kumutumbi, zvino parinenge roshomeka, nondo inotangawo kurukutika. Zvino imbwa ipapo, kana mhumhi, inenge ichitevera iri mumashure menondo.

<sup>54</sup> Zvino, kana nondo iyi ikashaya mvura! Zvino, mvura ine zviri mairi, zvokuti, kana nondo ikanwa mvura, inomisa kubuda kweropa. Asi ikashaya mvura yekuzvitionhodza, zvino ro—ropa rinozoramba robuda nokukasika; nokuti inenge ichimhanya, zvichiita kuti moyo wayo urambe uchipomba. Asi kana ikangogona kuwana mvura, nondo inorarama.

<sup>55</sup> Zvino pane chidzidzo chikuru ipapo, munoona, uye Dhavhidha ari kuti pano, “Senondo inotakwairira hova yemvura, mweya wangu unokutakwairirai Imi, O Mwari.”

<sup>56</sup> Zvino nondo iyi inoziva, ikasawana mvura inofa. Haikwanise kurarama. Ndakadzironda kakawanda mushure mokunge dzakuvadzwa. Kana ikapinda muhova yemvura, inoyambuka yonwa mvura, yoenda kunokwira chikomo; yodzoka ichidzika, yoyambuka, yonwa mvura yokwira kumusoro. Haufe wakaibata, kana iri kungotevedzana nerwizi irworwo. Asi kana ikazongosiyana nehova iyi, kana ikasazonwana imwe hova yemvura pane imwe nzvimbo, unoibata pakarepo. Uye zvino nondo inozviziva, nokudaro inogara pane mvura, painogona kuendako nokukasika. Zvino mungafungidzire here nondo inenge yakasimudza mhino yayo, yawanikidzwa pane imwe nzvimbo pasina mvura?

<sup>57</sup> Zvino anoti, “Senondo inenyota kana kutakwairira (inyota) hova dzemvura, mwoyo wangu unokutwakwairirai Imi, O Mwari. Kunze kwekunge ndaKuwanai, Ishe, ndinoparara. Ha—ha—handikwanise kuenda kunze kwekunge ndaKuwanai!” Zvino kana murume kana mudzimai, mukomana kana musikana, akawana nyota yakadaro yaMwari, achawana chimwe chinhu. Maona?

<sup>58</sup> Asi kana tikangouyawo pazviri, zvisina kuperera, “Zvakanaka, ndichapfugama pasi ndigoona zvichaitwa naIshe.” Munoona, hausati wava nenyota chaiyo. Inofanira kuva nyota iri pakati perufu neUpenyu, zvadarwo chimwe chinhu chinoitika.

<sup>59</sup> Nondo, zvakare pano yaka...Tinoona kuti ine mamwe manzwiwo, ekunhuwidza, inobatidza chinhu chinoyambira kana muvengi ari pedyo. Kakapiwa, aka kamhuka kadiki, nema—manzwiwo ekuzvichengetedza. Zvino i—ine chinhu chinoyambira chiri mairi, kamwe kanhu, kanotekenyedza

mhuno yayo kana muvengi ari pedyo. Unogona kupinda mumhepo yemuvengi, uye inobva yazviziva kuti uripo, yobva yatiza. Dzimwe nguva uri kure zvakaita chidimbu chemaera, inonzwa hwema hwako yobva yatiza, kana mhumhi kana imwewo njodzi. Inokwanisa kuzviziva nokuti yakasikwa yakadaro. Inondo, pamasikirwe. Zvino manzwiwo aya ari mairi ndiwo ayakapiwa naMwari, manzwiwo ake, ekuiraramisa.

<sup>60</sup> Zvino ndafunga, kufananidza nondo nemunhu ane nyota yaMwari, muvengi asati asvikapo. Pane chimwe chinhu chiri mumwana waMwari, chokuti kana wabarwa kamwe muMweya waMwari, wagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, pane chimwe chinhu chiri mumunhu iyeye chinogona kunzwa kuti pane muvengi. Unogona kutora munhu kana achitora Gwaro, uye achiverenga Gwaro oedza kupfekera chimwe chinhu muGwaro iroro, chinopesana neGwaro, munhu akazadzwa neMweya Mutsvene anogona [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti.] kuzvibata, nokukasika. Pane chinhu chinenge chiri kunze kwemutsara. Zvino kana akasvika pane imwe nzvimbo, zvino—zvino kamanzwiwo kaya kari mukati, kakaitwa kuti kachengetedze upenyu hwako. Iwe, haufaniri, haufanirwe kuendera chinhu chipi kunze kwekunge chichinyatsoenderana neShoko raMwari. Ufanira kunyatsomira neShoko iroro. Uye, zvino, takachengetedzwa nemanzwiwo aya kana tichinge chete tiri muMweya Mutsvene.

<sup>61</sup> Munogona kuenda monoverenga, uye sezvakaita, mumwe munhu oti, zvino ndoenda kunoverenga muna Marko 16, inoti, “Uye zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda: muZita raNgu vachadzanga madhimoni; vachataura nendimi itsva; kana kubata nyoka, kana kunwa zvinhu zvinouraya, hazviva kuvadze; kana vakaisa mawoko avo pane varwere, vachapora.”

<sup>62</sup> Zvino, zvadaro, unoona munhu anosimukapo achiti, “Zvino, zvakanga zviri zvemuzera revaapostora.” Izvozvo, zvino, nokukasika, kana wakagamuchira Mweya Mutsvene, wakapiwa manzwiwo aya. Inobva yarira. Pane chinhu chatsveyama ipapo. Maona? Vanoedza kuzvitsanangura, kuti ndezve rimwe zuva, kuti zvirokwazvo haudi zvinhu izvi muzuva rino. Asi Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda.” Munooona, pane kamwe kanhu kanorira mauri, kabhero kadiki, mukuziva kuti zvakatsveyama uye iyoyo inzira yerufu.

<sup>63</sup> Nokuti, Jesu wakati, “Kana tikawedzera shoko rimwe chete kune Izvi, kana kutapudza Shoko rimwe kubva maRiri, chikamu chedu chinobviswa muBhuku reUpenyu.” Munooona, kwete Gwaro rimwe. Tinofanira kuRitora sekunyorwa kwaRakaitwa. Zvino Mwari anotarira Shoko raKe, kuti aRiite, zvino tinoziva kuti zvinofanira kuve zviri zvamazvirokwazvo.

<sup>64</sup> Saka nokudaro, hazvinei nezvinotaurwa nechechi, kana zvingataurwe naani zvake, kana wakabarwa neMweya

waMwari, unobva wava chikamu cheBhaibheri. Mwari akataurira Izekieri, iye, muporofita. Akati, “Tora bhuku uridye,” zvino muporofita nebhuku vakava chinhu chimwe chete. Zvino ndiye mutendi kana achinge agamuchira Mweya Mutsvene; Mweya Mutsvene wakanyora Bhaibheri, zvino Mweya waMwari iShoko raMwari. “MaShoko aNgu Mweya. Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” VaHebheru 13:8, “Iye ndiye mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi.” Zvino kana uri chikamu cheShoko iroro, o, zvino rega kuuye chimwe chinhu chinopesana neShoko iroro, [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti.] pane kabhero kanobva katanga kurira nokukasika. Munoono, ndeRekukuyambira kuti pane rufu ruri munzira. Hatifanire kuzviita. Panewo zvakare. . .

<sup>65</sup> Nyota idzi ndedzemasikirwe. Dzinongoitika kuMukristu. Dzinongoitika kumunhu wenyama.

<sup>66</sup> Pane nyotawozve yekubudirira. Vanhu vazhinji nhasi, tinoiendera kuchikoro nyota iyoyi! Tichangocherechedza, vakavhura yunivhesiti. Zvino tinodzikako, uye vanhu vanopedza zvuru zvamadhura vachitumira vana vavo kuchikoro, ne—nekumayunivhesiti nekumakoreji, nekwakadaro, kuti vawane dzidzo, “Kuti vabudirire,” vanohuti, “muupenyu.” Asi zvino handina chandinopikisana naizvozvo, zvino, zvakanaka. Asi, kwandiri, unogona kwana fundo yose yepasi pano, asi unenge usati wawana budiriro yemazvirokwazvo. Ndizvozvo. Nokuti, izvozvo zvichaita kuti zvinhu zvikurerukirewo kwenguva shoma pano. Uye pane. . .Asi kana uchinge wafa, unozvisiya zvose shure kwako, uye nezveupfumi zvose izvi zvatiinazvo.

<sup>67</sup> Ndaizvitaure pane rimwe zuva, kuPhoenix. Zvinokodzera kuzvitaurezve, kuti, “Zvose zvebudiriro yechimanje-manje, hurongwa hwose hwefundo, hurongwa hwose hwezvesainzi, zvose zvinopesana neShoko raMwari pamwe nokuda kwaVo.” Zvebudiriro ndezve mazvirokwazvo. . .Hapachazova nebudiriro yehuchenjeri munyika iri kuuya, hwakafanana nehuno. Uhu huchenjeri hwakatsveyama. Mwari vakava nohuchenjeri hwavo hwekutanga pano panyika, paVakataura maShoko aVo akaitika, mbeu yose nerudzi rwayo, uye mubudiriro iyoyi makanga musina rufu, hurwere, kusuwa. Zvino tinotora zvinhu zviru zvesainzi, zvakaitswa pano kuti inge yakabatana, tozvitsveyamisa kuva zvimwe zvinhu, zvino izvozvo zvinounza rufu.

<sup>68</sup> Sebhambo reatomiki. Handizivi hurongwa hwemagadzirirwo ezvinhu izvi, asi ndingazozvitaure nepasiri ipo. Vanotora yuraniyamu, kuti vapamure mo—molecule, zvino molecule inopamuka yova maatomu. Chii chazvinozoita zvadaro? Zvinongoparadza zvachose, potse-potse, zvinongoparadza. Zvose zvatinoita!

<sup>69</sup> Tinitora mushonga, toisa mushonga *uyu* pamwe nemushonga *uyu*, kurapa *izvi*, zvino toutora touisa matiri. Zvino tinoita sei? Tinoparadza zvimwewo zvinhu.

<sup>70</sup> Zvino ndinofungidzira makaverenga, makaverenga *Reader's Digest* yemwedzi wapfuura, kuti yaitaura kuti, “Muzera ratiri kurarama mariri zvino, kuti, varume vechidiki nemadzimai vanogona kusvika pazera repakati nepakati poupenyu pakati pemakore okuberekwa makumi maviri nemakumi maviri nemashanu.” Pafungei ipapo. Vasikana vaduku vachiguma kubereka, vave nemakore okuberekwa makumi maviri, nemakore makumi maviri nemaviri nemakumi maviri nematatu, makore epakati poupenyu. Muri kuona, chii chakazviitisa, chikafu ichi chemasanganiswa nezvimwe zvatiira kudyira. Munooni, zvinhu izvozvi, chikafu neu—upenyu hwatiira kurarama. Vezvesainzi ndivo vakazviunza kwatiira, zvino, mukudaro, vari kukuurayai.

<sup>71</sup> Ndakanga ndiri kuAfrica kwandakaona vakomana vakanga vasina kumbopiwa donhwe remushonga muupenyu hwavo. Vanodya nyama ine honye. Vainwa kubva muchidziva chaita kunge chinogona kuuraya mombe. Zvino ndaipfura chinhu chakange chiri mayadhi mazana maviri, uye ndakanga ndisingachione nemabhainokura akasimba. Zvino murume wezera rangu akanga akamira ipapo, aindiudza pachinenga charohwa, achiona nemaziso ake asina chaiabatsira. Zvino, kana zvose izvi zvechimanjemanje zviine chimwe chinhu chazvaita . . . Ndinonzwa kuti dai ndaive nemaziso ake nedumbu rake, ndingadai ndiri munhu akasimba zvikuru. Yaah.

<sup>72</sup> Asi hezvo, muri kuona, ndizvo izvo sainzi, fundo, zivo, zviri kutiparadza. Tiri kuzviparadza. Zvakatangira mubindu reEdheni, kuuya kusvikira nhasi. Asi, nyota yekubudirira!

Zvino, tine nyota yekuyanana. Tinoenda, tinoda kuyanana.

<sup>73</sup> Zvinoita sejaya nemhandara. Zvino, hazvina kusafanira kana kuti hazvisi (ndinoreva kuti) zvinhu sezvisingatarisirwe kuti jaya nemhandara vange vachi—vachidanana. Inyota yerudo. Izera ravo, zvino vano—vanodanana. Hazvisi zvinhu zvinoita sezvisingatarisirwe, zvinhu zvinongatarisirwa kuti vazviite.

<sup>74</sup> Zvino tinoona zvinhu zvakanwanda, muupenyu hwatinorarama mumutumbi wepanyama, zvatinoitira nyota. Chinongori chinhu chiri matiri. Tinoda kuzviita, tinonyatsozvinzwa kuti zvakanwanda. Uye zvinenge zvakanwanda kuti tizviite.

<sup>75</sup> Tinoona madzimai akawanda, mumazuva ano, vane nyota yerunako. Zvino hapana mudzimai . . . Zvinhu zvinotarisirwa kuti mudzimai ave nenyota yekuda chiso chakarurama. Ihwohwo—ihwohwo hunhu hwaakapiwa naMwari uye—uye runako rwaakapiwa naMwari kuitira murume wake. Zvino tinoona kuti madzimai anoda kuva saizvozvo. Sei zvakanwanda?

Nechikonzero chokuti chimwe chinhu chaakapiwa naMwari. Uye hapana chakashata kuti mudzimai ange akarurama chiso. Vanofanira kudaro.

<sup>76</sup> Uye, munoziva, ndivo chisikwa choga chokuti—chokuti mudzimai akanaka kudarika murume, zviri kurudzi rwevanhu. Dzimwe mhuka dzose, ukaenzanisa mho—mhou nenzombe, nondo hadzi nemukono, tseketsa nejongwe, shiri hadzi neshiri hono, nguva dzose unoono kuti mukono wakakura uye wakanaka. Asi kurudzi rwevanhu, zvinoratidza kuti ndiko kwakauya nokutsveyama, zvinoshanduka; zvino madzimai ndiwo aka—akanaka, uye vanochiva kuve wakanaka.

<sup>77</sup> Kwete sezvimwe zvikara zvisinganzwisisike zvatinoona munzira dzedu muzuva rino; kwete, kwete, kwete runako rwemhando yakadaro. Kwete. Ndizvo zvinhu zvakanyangarisa zvandati ndamboona muupenyu hwangu. Hongu, changamire. Ndiko kutsveyama kuri kutsveyamisa nyota yechokwadi.

<sup>78</sup> Zvino, nyota yechokwadi iyo inofanira kuve nemudzimai, kuve “akazvishongedza nehanzu dzakadzikama, uye nokuva nemweya wakafanana naKristu,” Timotio Wekutanga 2:9. Zvino ndiyo nyota inofanira kuva nemudzimai kuti ave. Zvino kana uchida kunge wakanaka, ndiyo nzira inokuita kuti unge wakanaka, munoono, mweya wakafanana naKristu, uye nokunge wakapfeka hanzu dzakadzikama.

<sup>79</sup> O, ini zvangu, vamwe vevanhu avo nhasi vari mumigwagwa! Haukwanise kuona mutsauko wemurume kubva kumudzimai, uye ndicho—ndicho chinhu chinoratidzika zvakashatisisa chaunga . . . handingadaro, zvaka—zvaka . . . Ha—handina kumboona zvakadaro, zvakaita kunge vanhu. Zvadarika munhu. Maziso akapendwa kusvika kumusoro sezvizi, uye, munoziva, maziso anoratidzika zvisinganzwisisike seemadzvinu, nenguwo dzinoratidzika zvisinganzwisisike. Uye, sei, hazvitombo . . . Zvose zvisina chimiro, havaratidziki semunhu. Uye vamwe vevakomana kunze ikoko, vane vhudzi rakakamwa richidzika pasi, vakaisa maroller, ehanzvadzi dzavo akaiswa pamberi *apa*, munoziva, sei, kutsveyama kuzere! Ndizvozvo. Ndi—ndi—ndiSatani, uye Satani ndiye mutsveyamisi.

<sup>80</sup> Mwari pavakagadzira zvinhu zvose mubindu reEdheni, zvakanga zvakakanaka, zvino Satani akazouya ndokutsveyamisa. Satani haagoni kusika chinhu. Pane Musiki mumwe chete, ndiMwari. Asi Satani anotsveyamisa zvakasikwa pakutanga. Uye iye zvino apinda (izvi ndiri kuda kutaura nezvazvo nhasi manheru) kutsveyamisa nyota yakasikwa pa—pakutanga.

<sup>81</sup> Zvino, mudzimai, sezvandambotaura kare, anoda kunge akanaka. Mune chiri maari, nokuti munhukadzi uye anoda kuve akadaro.

<sup>82</sup> Asi zvavari munzira mazuva ano, vhudzi rakagerwa semurume, uye vachipfeka nguwo dzevanhurume; uyewo varume

vanoshandukawo, vakapfeka nguwo dzemadzimai, uye nevhudzi rakagerwa kunge mudzimai. Munoono, kutsveyamiswa, zvose hazvo! Chikafu chako chakatsveyamiswa. Upenyu hwako hwakatsveyamiswa. Nyota yako, yakatsveyamiswa. Chishuwo chako chakatsveyamiswa. Izuva rokutsveyamiswa!

<sup>83</sup> Ndaitaura pano, hakasi kare, nezve*Edheni RaSatani*. Mwari vakatora makore zviuru zvitanhatu, ndokugadzira Edheni rakakwana. Satani akauya ndokupfapfaidzira mbeu idzi, ndokudzitsveyamisa. Zvino ava nemakore zvuru zvitanhatu, uye ane Edheni rake resainzi, kudzokerazve kutsveyamisa zvinhu zvakanaka.

<sup>84</sup> Uye rino izera rokusanganisa, kusanganisa. Vaita kuti ma—machechi muzuva rino, asvike pakuva emasanganiswa. Ndizvozvo. Vanopinda muno, vongoenda kucheche, yave dandaro pane kunge iri chechi. Chechi inzvimbo apo vanhu vanouya pamwe chete vonamata Mwari muMweya nemuZvokwadi. Zvino nhasi yave dandaro. Tinoendako tova nenguva duku yekukwazisana, nekuyanana, uye nekofi isina mukaka seri kwemba, toenda kumba kusvika svondo rinotevera, zvino tazadzikisa mungava wedu wekunamata.

<sup>85</sup> Zvino rave zera rakatsveyamiswa. Uye Satani ari kutsveyamisa nyota idzi dzakaiswa naMwari mauri, kuti uve nenyota. Satani ari kudzitsveyamisa. Zvino kana muri kuda kuziva zvakanaka, kutsveyama . . .

<sup>86</sup> Kana imi, madzimai, muri kuda kunaka, torai Timotio Wokutanga 2:9, ndizvo “zviya kuzvishongedza nehanzu—hanzu dzakadzikama, uine mweya wakafanana naKristu, munyoro, vanozviisa pasi pavarume vavo,” nezvakadaro. Ndiwo mazvishongedzero aunofanira kuita, upenyu hwako hwaunorarama.

<sup>87</sup> Anotsveyamisa hunhu chaihwo hwaMwari, nenyota yechokwadi yaMwari, yemutumbi nemunhu wemukati, nokuda kwekuchiva chivi. Chivi, kutsveyamiswa! Zvino tinoona kuti, munhu nhasi, matorero avaita kutsveyama uku; nyota yaMwari, nyota yokuda kuva wakanaka pachiso, nedzimwe nyota dzose. Panzvimbo, yemvura, vaishandura kuti igutswe nekunwa doro. Nyota yemufaro, munhu wose anoda kuva nemufaro; nyota yekuyanana; nyota huru idzo Mwari akaisa matiri, kuti tigova nenyota yaKe. Mwari akakusika kuti ugova nenyota yaKe, zvino tinoedza kuigutsa neimwewo mhando yenyota, neimwe mhando yekutsveyamiswa kwenyota yechokwadi. Munoono here zvazviri panyama? Munoono here zvazviri pamweya? Tinofunga, chero tangojoinha chechi, izvozvo—izvozvo zvaringana, ndizvo zvoga zvatnofanira kuita. Zvakanaka, izvozvo vakatsveyama zvachose. Kwete.

<sup>88</sup> Mwari anoda kuti uve nenyota yaKe! “Senondo inotakwairira hova yemvura, saizvozvo mweya wangu unokutakwairirai Imi, O Mwari.” Maona? Maona?

<sup>89</sup> Zvino, kana nondo iya yaitakwairira hova yemvura, toti dai pakauya mumwe munhu, imwe shamwari yayo nondo inogona kuuyapo, yosvikoti, “Nhai, ndichakuudza zvanda—ndaigona kuita. Ndinoziva kune chidziva chine matope zasi uko.” Ndizvo, nondo hayaimboda zvakadaro. Iye, hazvaimuitira zvakanaka zvachose.

<sup>90</sup> Hapana chinogona kugutsa iyo nyota iri mumunhu, kusvikira Mwari vapindamo. Anofanira kuIwana, kana kuti anofa. Uye hapana munhu ane kodzero yekuedza kunyararidza kana kugutsa nyota tsvene iyi, iri maari, nezvinhu zvemunyika. Kwete, changamire. Hazvina humwari kuita zvakadaro. Zvino kana uine nyota yaMwari, usaende kunokwazisa muparidzi nokuisa zita rako mubhuku. Kana uine nyota yaMwari, pane chinhu chimwe chete chinogutsa, chokuti, usangane naMwari. Kana uine nyota yaMwari, ndiyo nzira yoga yaunogona kusangana naYe, kuita saizvozvo.

<sup>91</sup> Zvino pane njodzi huru, zvakare, kana ukasangwarira zvaunenge uchiita panguva iyoyo. Kana uine nyota yaMwari, iva nechokwadi chokuti ndiMwari wawawana. Maona, iva nechokwadi chokuti nyota yako yagutsa. Asi kana Satani akambogona kukutsveyamisa, kubva pazvishuvo zvepanyama izvi, uye kuti anogona kuzviita kana akakwanisa, acha—achangokuita kuti uedze kugutsikana.

<sup>92</sup> Munhu anobuda, chii chinoita kuti munhu adhakwe? Nemhaka yekuti ari kunetseka uye akadzamirwa. Pane chinhu chiri kushaika maari.

<sup>93</sup> Ndaive kwaMayo’s, kuno nguva shoma yapfuura, zvino ndakanga ndiriko ndiine hurukuro navo. Zvino zvakataurwa zvichinzi imomo, zvokuti, pachitaurwa nezvekunwa doro, uye ndakavaudza kuti baba vangu vainwa doro.

Ndokuti, “Chii chakaita kuti vanwe doro?”

Ndikati, “Handizivi.”

<sup>94</sup> Akati, “Nechikonzero chekuti pakange paine chimwe chinhu (iye) chakange chisiri kumugutsa, zvino akafunga kuti anogona kunwa kuti azvibvise mupfungwa dzake.”

<sup>95</sup> Ndakabva ndazvibata pakarepo, munoona. Vakanga vari Mwari zvirokwazvo, vaiva chinhu choga chinogona kugutsa nyota iyoyo. Mwari pachaVo ndicho chinhu choga chinogona kugutsa nyota yemunhu, ukagamuchira Mwari.

<sup>96</sup> Zvino Satani anatora zvinhu izvi, sezvandambotaura, ozvitsveyamisa. Zvino kana uri—kana uri...Kana ukasapa nyota iyoyi nzvimbo yakafanira muupenyu hwako, uye worega kuva nenyota nekutora zvinhu zvakapiwa naMwari



kuti zvipedze nyota iyoyo, kuipedza, zvararo Satani achazokutungamirira kune mamwe emadziva ake asingayerere ane tsvina enyika ino. Unofanira kuzviwana pane imwe nzvimbo. Kana ukashaya chokudya, unodya zvemubhinhi. Maona? Uye kana uka—kana ukasawana mvura, wave kufa, unozonwa kubva mu—muchidziva chese-chese, nokuti unenge wave kuparara.

<sup>97</sup> Asi hapana chikonzero chokuita zvakadaro, kana uine nyota yaMwari, nokuti Mwari ndiMwari mupenyu, kwete chimwe chinhu chemunhoroo. “Mweya wangu unotakwairira Imi, Mwari mupenyu,” Chinhu chinopa mvura mhenyu, Chinhu chinogutsa.

<sup>98</sup> Pane humwe hunhu, hwepanyama, inongori nyota yemazuva ose, munyota yemunhu wemukati. Unokwanisa kuti, “Hama Branham, iyi nyota yemunhu wemukati, ndiyo here yemazuva ose?” Hongu, zvinhu zvinotarisirwa pamasikirwe epanyama kuti munhu wemukati ave nenyota. Uye ndezvokuti, Mwari vakakusika wakadaro, kuitira kuti ugova nenyota yaVo. Vanoda kuti uve nenyota yaVo ivo. Zvino, Mwari vakakusika wakadaro. Akanga asina kusungirwa kukuita saizvozvo, asi Akangozviita. Uye dai Akange asina kukuita saizvozvo, kuitira kuti ugova nenyota, panenge paine pembedzo pamberi peChigaro Chekutongwa, waiti, “Ha—ha—handina kumbova nenyota yaMwari.” Asi, hakuna pembedzo, unayo. Uchazviita neimwe nzira; unokwanisa kuiita ari mudzimai wako, unokwanisa kuiita iri motokari yako, unokwanisa kuiita chimwe chinhu, unogona kuenda kuchechi kuti ugoedza kuigutsa. Zvino handina chandinopikisa pakuenda kuchechi, asi hakuzi iko kugutsikana. Zviri pakuwana Mwari, Mwari mupenyu, Mwari weKudenga, mumoyo mako, izvozvo zvinogutsa chishuvo nenyota yauri kushuvira.

<sup>99</sup> Zvino, nokuti, Akakugadzira saizvozvo kuti ugova nenyota yaKe, yekuyanana naYe. Zvino, pane nyota yechokwadi yekuyanana. Zvino tinofarira kusangana mumwe nomumwe. Tiri kuzviita manheru ano. Tasangana pano pamwe chete manheru ano nokuti tinofarira kuyanana, mumwe nomumwe. Sei tichidaro? Nokuti pane chimwe chinhu chiri matiri chinaita kuti tide kusangana mumwe nomumwe. Izvozvo zvinotarisirwa. Zvino tinosangana pano pachinhu chimwe chinotibatanidza, nokuda, kwekuti tose tine nyota yaMwari. Maona? Zvino tinosangana pano panzvimbo yenguva dzose, yechinhu chatinofarira tose yekuyanana. Muchechi manheru ano, muno, munogona kunge muine mawonero akawanda akasiyana emasangano, nezvakadaro; asi kana zvasvika panyota iyoyi, tinogona kusangana pane chinhu chinotibatanidza, chinhu chimwe: tose tine nyota. Vamwe vanogona kunge vachitenda mukusasa mvura, mumwewo uyu pakubhabhatidza, mumwe anoita zvokudira mvura, kana zvimwewo; asi kana

zvasvika pakuva nenyota yaMwari, ti—tinouya panzvimbo imwe yatinobatanidzwa. Uye Mwari vakatisika kuti tigoita saizvozvo, kuti tigova nenyota yaVo uye nekuyanana naVo. Hapana chimwe chandinoziva . . .

<sup>100</sup> Pandaive kakomana kaduku, ndinorangarira kuti ndakakurira mumhuri yaive yevarambo zvikuru. Uye ndinorangarira kakawanda ndaienda kunze neshamwari dzangu. Ndakanga ndisingapfeki nguwo dzokuti ndigokwanisawo kuenda kune nzvimbo dzakadzikama. Asi, ha—handizivi, pane chimwe chinhu chiri pavanhu, chandaifarira. Ndaifarira kunge ndiinavo. Asi ndakanga ndakaita, sokunge, zvinganzi, gwai dema. Zvino pandakaponeswa ndokuwana chinhu Chiya mandiri, chandainzwira nyota, Sha—Shamwari, Mumwe aizova shamwari yepedyo kwandiri, Mumwe wandaizovimba naye, Mumwe waunogona kugara naye pasi womutaurira nhuna dzako. Zvino pandaka . . .Ndakawana kugutsikana kwechokwadi kwemazvirokwazvo pandakawana Jesu Kristu, Mugutsi wemazvirokwazvo wechokwadi anobvisa zvole—zvole . . .anopedza nyota yose, okupa Chimwe chinhu icho—icho chinoratidzika kuti hapanzve chimwe chingatora nzvimbo yaKe.

<sup>101</sup> Zvino kuti Satani anoedza zvakadini kutsveyamisa kugutswa kwemunhu wemukati, iyo nyota yemunhu wemukati! Anoedza kukupa zvole kuti uigutse. Uye ane hunyengeri hukuru kunyanya sei mazuva ano okutsveyamiswa. Ino inyika yakatsveyamiswa. Rudzi rwakatsveyamiswa. Vanhu vakatsveyamiswa. Zvinhu zvole zvakatsveyama, uye zvanga zvichitsveyamiswa zvishoma nezvishoma kusvikira tave muzera rine hunyengeri hunodarika hwakambovapo . . . rakamboramwa nomunhu. Rave nehunyengeri kudarika hwakare.

<sup>102</sup> Zvino haukwa—kwanise kufungidzira hunyengeri hwave munyika, kunyangwe nehama dzedu, sevanhu vemuAmerica.

<sup>103</sup> Ndaitaura pane imwe nguva yapfuura. Ndakanga ndiri mumasango masvondo mashoma apfuura ndikaona pakiti ye—ye—yefodya iri musango. Zvino yaiti ipapo, “Sefa yemunhu anofunga.” Zvino ndakaenda musango kwekachinhambwe, ndokubva ndadzoka; ndokuramba ndinazvo mupfungwa dzangu, “Sefa yemunhu anofunga, uye kuravira kwemunhu anoputa.”

<sup>104</sup> Saka, ndakanga ndiri kuWorld Fair, makore mashoma apfuura, ndinorangarira pavaiva naYul Bryner nevamwe ikoko, pavairatidza zvemidzanga yefodya. Kutu vaitora chiutsi vochiisa pachimedu chedombo, vozatora Q-tip vokokora nikitini kubvapo, ndokuiisa pamusana wegonzo. Mumazuva manomwe, rakanga rava nekenza yokuti rakanga risisakwanise kana kusimuka. Munoono, kubva pamudzanga mumwe chete!

Zvino vakazoratidza zvazvinoita zvapinda mumapapu emunhu. Vamwe vavo vanoti, “Handihukwevi mukati. Ndinongodhonzera mukanza.” Zvigoratidza mapindiro azvo mumate zvigodzika nenzira imweyo, nepahuro, munooona.

<sup>105</sup> Zvino murume uyu akati, “Munonzwa kutaura kwakawanda pamusoro pesefa.” Akati, “Zvino, kana wava nehavi,” pane nyota, muri kuona, “havi yekuputa mudzanga wefodya, chimonera chimwe chete chinogona kugutsa havi iyi kechinguva. Asi kana uine sefa, zvinotora midzanga mina kuti ugutswe,” ndokuti, “nokuti unenge wave kungwana chikamu chimwe kubva muzvina cheutsi.”

<sup>106</sup> Ndokuti, “Kuravira kwemunhu anoputa”? Munooona, haukwane kuva neutsi usingawanewo tara. Zvino kana wawana tara, wava nekenza. Saka hezvo izvo, munooona, a—anongori manomano. Zvino ndinofunga pamusoro pekambani ye—yefodya iri munyika ino, uye—uye ichiraramiswa nenyika ino, zvino nemano akadaro, okunyengera zvachose zvizvarwa zvemuAmerica, kuvanyengera. Sefa yemunhu anofunga? Anongori mano okuti vatengese fodya yakawanda.

<sup>107</sup> Zvino ndakafunga pamusoro pechinhu icho, “Sefa yemunhu anofunga,” ndakafunga, “izano rakanaka.” Saka pane Sefa yemunhu anofunga, ndiro iro Bhaibheri rino. Se—sefa yemunhu anofunga anotora Sefa iyi, Ichabuditsa kuravira kwemunhu akarurama. Maona?

<sup>108</sup> Zvino, haukwane kudhonza chivi nemumapeji eBhaibheri rino. Kwete, Rinochimisa. Rinochisefera kunze. Zvino, unogona kuenda kucheche, wotora zvese-zvese, asi haukwane kupfuura nemuBhaibheri iri wogova nechivi. Harizviiti. Rinosefera chivi chose kunze, uye Rigokupa kuravira kwemunhu mutsvene. Nokuti kana munhu achifunga kuti anoda kuva mutsvene, uye agofanana naMwari, agova mwanakomana kana mwanasikana waMwari, zvadaro anenge ave kuda Sefa chaiyo. Saka Anomisa chivi chose kudivi iri reBhaibheri, zvino Anogona kuunza Mweya Mutsvene bedzi nemuBhaibheri, uyo akanyora Bhaibheri. Kuravira kwemunhu mutsvene, kuva neSefa iyi yemunhu anofunga.

<sup>109</sup> Zvino tinoona kunyengera kwazviri kuita muzuva rino. Mateo 24:24, Jesu akati, “Mumazuva okupedzisira, kuti, mweya miviri iyi ichange yakafanana zviri pedyo kusvikira yaitonyengera vaSanangurwa dai zvaibvira.” Zviri pedyo nepedyo! Ko, kunyengera kwakadini kwe—kwechakanaka nechakaipa, kwatinako nhasi!

<sup>110</sup> Uyezve nemu—nemuhurumende yedu, mune zvevatongerwo enyika, ha—hatina kana munhu watinogona kuti ndewe zvevatongerwo enyika, anonyatsomira nezvaanofunga kuti zvakanaka. Varipiko vanaPatrick Henry nevana George Washington, nevana Abraham Lincoln vedu vanhasi?

Sokungotaura kwakaita Mutungamiriri wenyika wedu paya, “Maitiro, kana vari kuda communism, vanogona kuiwana, chose zvacho chingadiwa nevanhu.” Kuti haasi here munhu uyo asingataure zvaanotenda! Munhu anomira pamusimbotti wechitendwa, anomira pane icho chinonzi musimbotti wezvaanotenda. . . kungoda kuenda ne—ne—nenzira yakareruka.

<sup>111</sup> Uye ndiwo maitiro ave kuita vanhu, muchechi. Vanoda kuuya vojainha chechi, uye voti, “O, saka, izvo—ndizvo, nda—ndajoinha chechi zvino.” Uri kuedza kugutsa nyota huru tsvene yakaiswa naMwari mauri, Nharirire iya iri kuedza kukutendeutsira kuchinhu chakanaka, zvino iwe woedza kuigutsa nokujoinha chechi, kudzokorora chitendwa, kana chimwe chakadaro. Nokuti, hapana zvimwe kunze kweHupo chaihwo pamwe nokuzadzwa naMwari pachaKe muupenyu hwako, ndizvo zvinoigutsa.

<sup>112</sup> Haazogutsikane nechitendwa. Haufe wakakweva chitendwa nemuBhaibheri iro. Kwete. Hamuna kana Chitendwa chavaApostori, sokudanwa kwachinoitwa, hachizogoni kupfuura neMo. Ndiratidze muBhaibheri apo Chitendwa chavaApostori chinoti, “Ndinotenda kereke Tsvene yeRhoma Katorike; ndinotenda mukuwadzana nevasande”; apo Bhaibheri rakati, “Pane murevereri mumwe pakati paMwari nemunhu, ndiye Murume Kristu Jesu.” Haufe wakazvikweva nemuBhaibheri.

<sup>113</sup> Haufe wakapfuudza madhanzi ose aya, nezvikabudura, nezvinhu zviru kuitwa nevanhu nhasi, zvekuzvongonyoka nechiwatusi, neizvi zvose, nemuShoko raMwari. Haukwanise kupfuudza zivo yechimanje-manje nemuBhaibheri. Rinopikisana nazvo. Munooni? Zvino unoedza kugutsa iyi nyota, asi, unooni, zvichi. . . Bhaibheri rino rinogutsa chete kuravira kwemurume kana mudzimai akarurama. Mweya Mutsvene uyu, wavanoseka, vachiti, “Wave kupenga.” Asi Izvozvo zvinogutsa chishuwo chacho, chinhu icho chisingazivikanwe nenyika. Vazvitsveyamisa, kubva parubhabhatidzo rwechokwadi rweMweya Mutsvene pamwe neShoko raMwari, (kune zvipi?) kuzvidziva zvine tsvina, zvidziva zvechechi, zvedzidziso nezvidendwa, pamwe—pamwe nekupesana kwemasangano, nezvimwe zvakadaro.

Ukati, “Uri Mukristu?”

<sup>114</sup> “Ndiri muMethodisti. Ndiri muBaptisti. Ndiri muPresbyterian.” Hazvina chinhu chimwe chazvinoreva kuna Mwari, kana chimwe. Haukwanise kupfuudza zvinhu izvozvo nemuBhaibheri raMwari pano. Uye uri kuedza kugutsa nyota tsvene yawakapiwa naMwari, kuti uve nenyota yaKe. Ndzivo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

115 Iye zvino, munoziva kuti Dhavhidha akati pano, “kuna Mwari Mupenyu.” Zvino, “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Zvino hapazova nekugutsikana kusvikira Shoko iri, riri Mwari, rave benyu mauri, ndipo paunoono Mwari Pachavo vachizadzikisa vimbiso dzaVakaita muBhaibheri.

116 Iye zvino tine vadudziri vakasiyana-siyana veBhaibheri. Imwe chechi inoRidudzira nenzira *iyi*, imwe inoRidudzira nenzira *iyoy*, uye imwewo nenzira *iyi*. Vamwe vanongotora zvishoma zvaRo; vamwe vanotora *pano neapo*, chikamu chaRo. Asi Mwari AnoZvidudzirira pachaKe. Kana achinge aita vimbiso oizadzikisa, ndiko kududzirwa kwayo.

117 Kana ndikakuvimbisa kuti ndichange ndiri pano nhasi manheru, zvino ndiri pano, ndiko kuzadzikiswa kwevimbiso yangu. Kana ndikati ndichasangana newe mangwanani, zvino ndovapo, ndiyo vimbiso yangu. Hapachadiwi kupiwazve chimwe chikonzero, ndinofanira kunge ndiripo.

118 Zvino kana Mwari achinge apa vimbiso, wouya kuzozadzikisa vimbiso iyoyo, ndiyo dudziro yevimbiso iyoyo. Uye ndinokurudzira munhu upi zvake kuti atore Mwari paShoko raKe, agoona kuti Shoko rose riri muBhaibheri harisi Chokwadi here. Ndizvozvo. Ndizvo zviri nyota iya iri mukati umo.

119 Unoti, “Dai ndakararama mumazuva aJesu, ndaingadai ndakaita *zvakati-ne-zvikati*.”

120 Handiti here, uri kurarama mumazuva aKe. Ko tiri kuitei pamusoro pazvo? Tiri kuitei? Unoti, “Zvakanaka?” Chii chawaita, pamwe zvakaitwa nevaFarisei. Vaive nhengo dzechechi, uye vakaramba Jesu Kristu.

121 Tinogara tichiti nhasi, vanhu vanoedza kuti, “Tinoenzanisa. Tinofanira kuenzanisa peji yeBhaibheri nepeji yeBhaibheri, Gwaro neGwaro.” Hachizi Chokwadi. Kwete, hachizi Chokwadi. “Izwi rechiGiriki iri rinoreva *zvokuti*, uye *iri* rinoreva *zvokuti*.” Ivo maGiriki pachavo, kare muNicaea Council, nevanyori kareko, vaiva nenzira dzakasiyana. Mumwe aitenda nenzira *iyi*, *uyu* mudzidzi wechiGiriki aireva *zvakati*, uye mumwe achiti *uyu* anga achizvireva nenzira *iyi*. Zvino vakaita gakava pamusoro paZvo. Hatidi dudziro yevadzidzi vechiGiriki kana yemashoko echiGiriki.

122 “KuMuziva ndihwo Upenyu,” iye Munhu, Kristu pachaKe! Kwete kuenzanisa. Pachizaruro ndipo apo Mwari akavakira Chechi yaKe. Zvino kana tikasavakira paChechi imwe chete. . . Bhaibheri rakati, “Abheri, nokutenda!” Zvino kutenda chizaruro chaMwari. Maona, kutenda chizaruro chaMwari. Zvakanaka. Chinhu chose ichi chakavakirwa pachizaruro, uye ndokunge zvazarurwa kwauri! Jesu akati, “Ndinokutendai Imi, Baba, kuti makavanza zvinhu izvi kubva kune vachenjeri

venyika ino, mukazvizarurira kuvana vanogona kudzidza.” Munoono, zvino, nyaya yose ndipo payakavakirwa, unofanira kuziva Munhu!

<sup>123</sup> Haukwanise kuigutsa nokujoinha chechi. Unofanira kuwana Munhu uyu, Mwari pachaKe, rinova ndiro Shoko ne—nedudziro yezvaAri muzuva rino, vimbiso dzaAkapa muzuva rino. Vanhu vaAinge achazova navo muzuva rino, “Chechi isina gwapa kana kuunyana,” hazvireve sangano; zvinoreva vanhu, munhu mumwe nomumwe asina gwapa kana kuunyana. “Pachava nevaviri panhowo, Ndichatora mumwe ndosiya mumwe; vaviri mumunda, Ndichatora mumwe ndosiya mumwe.” Asi kana Mwari, nyota tsvene iya yokuda kufanana naYe, zvino woona kuti Shoko raKe riri mauri, richiZvisimbisa, kuti uri muranda waMwari. Chose chinotaurwa naMwari, unonyatsochiita nemazvo, zvino unenge wave kupfuura nemumatanho chaiwo ekugutsa nyota tsvene iri mauri.

<sup>124</sup> O, ndizvo chaizvo, vanhu vachakuseka, uye vachiti, “Wasangana musoro. Wave kupenga.” Asi rangarira kuti varikunwa kubva pai, munoono. Tarira pavari. Ungafungidzire here chisipiti chikuru chiri kupfachurira mudenga mvura yakanaka, zvino mumwe munhu anenge ari pane rimwe remakomba ari zasi uko, rine mazunguzurwa akafa, nezvitendwa, zvinhu zvose zviri mariri, achinwamo ari zasi uko, achitarisa kumusoro achikusvotesa? O! Sei, haazivi, haazive zvakaita—zvakaita Hova inopedza nyota yangere pairi. Ndzivo chaizvo.

<sup>125</sup> Tina Mwari mupenyu. Kwete uyo akafa makore mazana gumi nemapfumbamwe akapfuura ndokugara ari muguva, asi Uyo akamukazve. VaHebheru 13:8, inoti, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Mweya Mutsvene mumwe chete wakaburuka neZuva rePentecosti ndiwo mumwe chete uri pano iye zvino. Iye ndiye Mugove unogutsa, nokuti ndiYe Shoko. Ndzivozvo. Mweya Mutsvene akanyora Shoko, Anodudzira Shoko. Bhaibheri rakati, muna Petro Wechipiri, Mweya Mutsvene ndiwo wakanyora Bhaibheri, “Varume vakare, vaisundwa neMweya Mutsvene, vakanyora Bhaibheri.”

<sup>126</sup> Zvino, haukwanise kuzviita, haukwanise kugutsa nyota tsvene nechinhu chisiri Mwari pachaKe achigara mauri, ari muMunhu weMweya Mutsvene. Dzidzo, tsika, kujoinha machechi, kudzokorora zvitendwa, kuenda kunova nhengo yeungano; zvinhu zvese izvi zvakanaka zvikuru, asi zvirokwasvo hazvigone kumisa kunyarara kutsvene uku, iyo—iyo nyota tsvene, ndizvo ndanga ndiri kureva, hazvinyaradzi nyota tsvene iyi.

<sup>127</sup> Ndaiterera Billy Graham, muvhangeri mukuru, pane umwe usiku. Ndinokutaurirai, ndinomunamatira zvakananyanya zvino kudarika zvakandakamboita. Ndakaona achinyatsovakarira,

pane zvavakanga vaita. Akati, “Iro boka revafundisi rinouya richidzika nomumugwagwa, vakapindurudza makora!” Vachienda kwavakanga vasingafanire kuenda, vachizvipinza mune zvimwe zvinhu. Asi vaifamba vachidzika nomugwagwa, [Hama Branham vanoridza mawoko avo—Mupepeti.] vachiridza mawoko avo nokuridza pasi netsoka dzavo. Saka, vairatidzika sevaumburuki vasina hutsvene. Zvino, munooona, asi vane chimwe chinhu chava—vanotenda machiri. Vane chimwe chinhu, chinofadza munhu wavo wemukati. Vane chimwe chinhu chavanofara nacho. Mumwe mudzimai akaenda ndokunoisa musoro wake pane imwe nzvimbo zasi uko, zvino ndokubva vafunga kuti akafira chitendero, uye akanga asina kufanirwa kuita zvaakaita. Zvino tinoona kuti varume ava [Hama Branham vanoridza mawoko avo] vaiva nechimwe chinhu chavaigona kuomberera maoko avo. Vaifara. Vakanga vari kuita chimwe chinhu.

<sup>128</sup> Zvakanaka, kana uchigona kuita zvakadaro pachi—chitendwa chaunofunga kuti ndechechokwadi pano; zvino womira muchechi mumwe munhu wouchira nemawoko ake kana kuridza pasi netsoka, madhikoni anovaburitsa nepamuswiwo. Munooona, vaendesa vanhu vavo kuchidziva chine tsvina chezvitendwa nemasangano, panzvimbo yokuvapa chikafu cheShoko raMwari dzvene rakaropafadzwa, rinounzwa neSimba rokumuka kwaJesu Kristu.

<sup>129</sup> Munooona, vanoedza, vanopedza nyota yavo vachiti, “Ndini Chiremba *Nhingi-nhingi*,” kana kubva nokune imwe seminari kana chimwewo chikoro. Asi izvozvo hazvina chimwe chete chazvinoreva, kana chimwe zvacho. Asi, munooona, ivo, vanoedza kuzvigutsa, vachiti, “Zvino Mwari vachandicherechedza nokuti ndiri mufundisi waVo. Mwari vachandicherechedza nokuti ndini Baba vatsvene *Nhingi-nhingi*, kana muBhishopi *Nhingi-nhingi*,” kana—kana zvimwewo zvakadaro. Vari kuedza kugutsa nyota yavo ipapo, apo usingagoni kuzviita. “Ndine Ph.D., LL.D. Ndine Bachelor of Art yangu. Ndine zvakati.” Izvozvo zvakanaka. Asi, kwandiri, zvinongoreva kuti wave kurewo naMwari zvakadaro. Ndizvozvo. Kuve kure naMwari zvakadaro, nguva dzose!

<sup>130</sup> Unoziva Mwari chete nechitiko. Haukwandise kudzidza iZvi mauri. Zvinoberekwa mauri! Chimwe chinhu chaunopiwa naMwari. Dzidzo hainei nechekuita naZvo. Mumwe wevanhu vakurusa muBhaibheri akanga asingagoni kusaina zita rake, Mutsvene Petro. Ndizvozvo chaizvo, iye naJohane, Bhaibheri rakati, “Vari vaviri vakanga vasingazive uye vasina kudzidza.” Asi zvakafadza Jesu kumupa makiyi eHumambo, nokuti aiva nenyota yaMwari. Amen. Nyota yaMwari, yekuyanana. Hongu, changamire. O, ini zvangu!

<sup>131</sup> Ndinofunga pamusoro paIsaya, mujaya uya, o, mujaya akarurama, akanga ari zasi mutemberi, rimwe zuva.

<sup>132</sup> Mambo mukuru, akaisa chiso chake chakamutarisa akafunga kuti akanga ari mumwe wevarume vakurusa. Naizvowo, akanga ari munhu mukuru. Akakudzwa, nevabereki vakanaka, amai nababa vakanaka. Asi paakazobuda, zvevatongerwo enyika zvake zvakanga zvachena, uye akagadzirisa zvinhu naMwari. Zvino Isaya wakamutarisa ndokufunga kuti akanga ari munhu mukuru, ndokumutora semuenzaniso. Asi usambofaka hako (kana) wakaita munhu, asi Munhu Kristu Jesu, kuti ave Muenzaniso wako. Munhu wose anokundika. Kwapera chinguva, akazosvika panzvimbo; akange—akange ave mambo, asi akaedza kutora chinzvimbo chemuprisita ndokupinda mutemberi, ndokurohwa nemaperebudzi.

<sup>133</sup> Zvino Isaya wakanetseka zvikuru, saka akaenda kutemberi ndokutanga ku—kunamata, akafunga kuzodzika kuti anonamata zvisvima. Iye zvino, tarisai, murume uyu aiva muporofita; asi zasi uko mutemberi kwaiva nemurume wechidiki, akanga ari kuchema kuna Mwari, rimwe zuva, zvino chiratidzo ndokuzaruka pamberi pake. Zvino paakadaro, akaona Ngirozi, maKerubhi, aine zviso zvaWo zvakafukidzwa nemapapiro aWo—aWo, netsoka dzaWo dzakafukidzwa, achibhururuka namapapiro maviri. Uye aiita Achienda shure nemberi, achikwira nokudzika mutemberi, achidanidzira, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene Jehovha Mwari Samasimba.”

<sup>134</sup> Zvino Isaya, nyota huru iya yaakambova nayo, zvichida a—akanga akaenda kuchikoro. Zvichida a—akawana fundo yakanaka. Aiva ne—nenzvisiso inoshamisa yemupfungwa yekuti Mwari aifanira kunge akaita sei. A—akanga anzwa kubva kuvaprisita. Akambopinda mutemberi. Akanga akakudzwa kuva mu—mutendi, asi, munoona, akanga asati ambosangana naZvo chiso nechiso. Maona? A—akanga aine chishuwo chokuita zvakanaka. Akanga achida kunge akarurama, asi akanga achingova nezvedivi redzidzo. Akanga achingoZviziva nedivi rezvedzidzo yebhaibheri.

<sup>135</sup> Asi paakapinda mutemberi nezuva iroro, ndokuona maKerubhi aya achifambisa mapapiro aya mberi neshure, ndokucherechedza kuti Ngirozi idzi dzinoshumira pamberi pechiso chaMwari. Uye Ngirozi idzi dzakange dzisingazive chinonzi chivi, uye, dzichimira muHupo hwaMwari, Dzaitofanirwa kufukidza zviso zvaDzo zvitsvene, kuti dzigomira muHupo hwaMwari. Zvino muporofita uyu akadanidzira achiti, “Ndine nhamo, nokuti ndiri munhu wemiromo yakasviba. Dzidzo yangu yose yebhaibheri, fundo yebhaibheri nezvimwe zvandakadzidza, pfungwa dzose dzakanaka dzandaive nadzo pamusoro paMwari, ndachitarisana nazvo iko zvino.” Akati, “Ndiri munhu wemiromo yakasviba, uye ndinogara pakati pevanhu vane miromo yakasviba.” Dzidziso dzavo dzose dzemirairo, nezvinhu zvose zvavakamboita, hazvina



kumbosvika panzvimbo iyo paakapinda muHupo hwaMwari, ndokuona Mwari nemeso ake; uye nguwo yaKe, paAkanga agere kuMusoro, kuMatenga. Zvino heunoi uyo, achitarisana chiso nechiso nemazvirokwazvo. Zvino akadanidzira, “Ndiri munhu wemiromo yakasviba, uye ndinogara pakati pevanhu vasina kuchena.”

<sup>136</sup> Zvino zvakaitika kuti Kerubhi yakatora mumbato, nezimbe reMoto kubva paaritare, ndokuguma miromo iya isina kuchena. Ndokumushandura kubva kuva mbwende, kana kuti kubva kuva munhu akadzidza, mudzidzisi, kuva muporofita wokuti Shoko raMwari raizotaura nemaari. Ichokwadi, paaive muHupo hwaMwari, chakave chimwe Chinhu chakasiyana. Nyota iya yaiva nayo, yakanga yasvika pachiero zvino, kusvikira azadzwa naWo.

<sup>137</sup> Zvino rega ndikutaurire, shamwari, handina basa kuti machechi mangani awajoinha, angave mazita mangani awakaisa imomo, ndekupi kwaungaenda, uye kuti wakasawa, wakabhabhatidzwa, kana zvimwe zvaungave; kusvikira wasangana neMunhu iyeye, Jesu Kristu! Izvozvo, ndicho chinhu choga chinonyatsogutsa.

<sup>138</sup> Manyawi haagoni kuzviita; unogona kusvetuka-svetuka uchidzika uchidanidzira kusvika paunodira, uye unogona kumhanya uchikwira nokudzika pasi, kana kuti unogona kutura nendimi paunodira. Zvino zvinhu izvi zvitsvene uye zvakanaka. Handitauri—handitauri chinhu chinopikisana nazvo. Asi kusvikira wasangana neMunhu uyu, Mugove unogutsa, Chinhu icho chinobata tsinga dzose mumutumbi wako; kwete nemanyawi, asi nekugutsikana!

<sup>139</sup> Ndaimboona chimwe chiratidzo chidiki, chaiti, “Kana uine nyota, iti Parfay.” Kwakange kuine chimwe chinwiwa chiduku, pandaive mukomana, chainzi Parfay. Ndinorangarira ndichidzika nemugwagwa, o, ndichibva kunoraura, ndakanga ndaenda kuchidziva, chemvura dzisingayerere. Zvino ndakanga ndoziya nenzara, ndokuona chiratidzo chaiti, “Kana uine nyota, ingoti Parfay.” Ndakatanga kuti, “Parfay, Parfay.” Nyota ikatowedzera panguva dzose idzodzozo. Zvino nda—nda . . . Maona, nda—nda—ndakasvika pokuti ndakanga ndisisakwanise kusvipa mate, mushure mechinguva, ndakava nenyota huru—huru.

<sup>140</sup> Saka, muri kuona, izvozvo hazvigoni kuzviita. Hapana chimwe chinhu chingaitse. Handina basa, unogona kunwa makokokora, unogona kunwa chose chaungada, nemvura dzakarungwa shuga dzinofufuma, nezvimwe zvakadaro, hapana chinogutsa nyota semvura yakanaka inotonhorera, yemuhova inotonhora. Ndiyo inogutsa nyota yacho. Zvimwe zvinhu zvose izvi zvinongotsiva.

<sup>141</sup> Ko tingadirei kutora chinofanotsiva, ipo paine rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene chairwo rwunogutsa tsinga dzose nechishuwo chiri mumunhu wemukati? Zvadarwo nyatsomira wakatarisana nerufu, semuApostora mukuru Pauro akati, “O rufu, rumborera rwako rwuri kupi? Uye, bwiro, kukunda kwako kuripiko? Asi tinotenda Mwari, Anotipa kukunda kubudikidza naShe wedu Jesu Kristu!” Ndicho chiiitiko, hama, chinogutsa runyararo rutsvene runo . . . kana kuti iya nyota tsvene iri mauri. Chinoigutsa. Hapana chimwe chinhu zvakare chaunofanira kuita nezvazvo. Hongu, Chinochenesa miromo.

<sup>142</sup> Zvino panewo, zvakare, vamwewo vanhu vanorarama pamanyawi, pane . . . Vamwe vanhu vanoti, “Zvakanaka, tine zvakanakanda zvakadaro mubato redu rePentecosti.” Zvino vanopindamo, zviru zvakanaka, vanoridza mawoko avo [Hama Branham vanoridza mawoko avo—Mupepeti.] pamwe nokuridza mumhanzi. Mumhanzi ukamira, “sh, whew,” zvose zvinenge zvadirwa mvura, munoono. Zvino isu—isu tinozviita, isu—isu tapinda mutsika yokuita zvakadaro. Isu tine, isu—isu . . . Yangova imwe yetsika dzedu.

<sup>143</sup> Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Kana uchinamata Mwari, muMweya nemuZvokwadi, kana yave *tsika* kwauri paunozviita, nokuti unofunga kuti *unofanira* kuzviita; nokuti unofunga kuti, kana ukasadandzira, kana kusvetuka-svetuka, kana kutamba nemumhanzi, muvakidzani wako achazofunga kuti wakadzokera kumashure; uri kunwa kubva pahova isingayerere. Ndizvo!

<sup>144</sup> Kusvikira Wazadza tsinga yose, kusvikira Mweya Mutsvene pachaWo wotubwida uri mauri; handina basa kuti mumhanzi uri kurira, kana kuti vari kuridza *Pedyo*, *NekwaMuri*, *Mwari Wangu*, kana zvimwewo, Mweya Mutsvene unenge uchiri kuridza mabhero erumbidzo mumoyo mako. Izvozvo zvinogutsa. Ndiwo Mugove waMwari unogutsa. Chose chisiri Izvi, waparara.

<sup>145</sup> Unogona kutaura nendimi sevianhu neNgirozi, unogona kupa upfumi hwako hwose kuti upe varombo chokudya, unogona kuporofita, uye unogona kunge uine ruzivo, uchinzwisisa zvose zvakanakanda nezvimwe zvose, uye unoramba pasina zvauri (VaKorinte Vokutanga 13) kusvikira Chiya chinogutsa ndicho choga chinogona kugutsa nyota yacho.

<sup>146</sup> “Mweya wangu une nyota yaMwari mupenyu, senondo inotakwairira hova yemvura. Kunze kwekunge ndaIwana, ndinoparara.” Ukasvika pakuva nenzara yaMwari zvakadaro, pane chimwe chinhu chinoitika. Mweya Mutsvene unokutungamirira kuzvitubu zvikuru izvi zvaMwari. Hongu, changamire.

<sup>147</sup> Zvino, ichocho chinhu chakanaka, kunamata muMweya. Ichokwadi. Asi pane dzimwe nguva une Mweya pasina Zvokwadi. Mutsvene Johane 4, yakati, “Tinonamata Mwari, Mweya neZvokwadi.” Zvino Jesu ndiye Zvokwadi. Ndizvo chaizvo. Uye ndiYe Shoko.

<sup>148</sup> Hova dzakatumba naMwari kuti dzikugutse, panyama, Satani akadzisvibisa dzose. Akaisa chepfu mune yose yaakakwanisa kupinda mairi. Ndizvozvo. Akatora hova huru iyi, yechechi.

<sup>149</sup> Iyoyo, ndiyo yaive nzira yaMwari. Jesu wakati, “PaDombo iri Ndichavaka Kereke yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkuriri.”

<sup>150</sup> Zvino pane mamwe maonero akasiyana neiwaya. Vanhu veRoma, maKatorike vanoti, “AkaIvakira pana Petro.” Munoono, kana zvakadaro, Petro akadzokera kumashure, mumazuva mashoma. Saka, haIna. Zvirokwazvo haIna kuvakirwa panaPetro, *Petra*, dombo duku. Zvino maProtestant vanotaura, vachiti, “AkaIvakira paari Iye, Jesu Kristu.” Pasina kuve ndakasiyana, asi ndinopesana navo. Haana kumboIvakira pane chimwe chazvo.

<sup>151</sup> AkaIvakira pachizaruro chokuti Iye aiva Ani. Akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi, nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazarura izvi kwauri.” Kwete nezivo! Hauna kuZvidzidza namabhuku. Hauna kuZvidzidza nekujoinha chechi. Hauna kuZvidzidza mukudanidzira. Waka . . . Asi Mweya Mutsvene pachaKe aunza Munhu waJesu Kristu kwauri, zvadaro, “PaDombo iri Ndichavaka Kereke yaNgu, uye masuwo egehena haaIkundi.” Nyota tsvene iya yagutswa muMunhu waJesu Kristu. Hezvoka izvo. Ndicho chinhu chatinoda kutsvaga, kugutsa nyota naCho. Zvakanaka, tinoona kuti tinofanira kudaro.

<sup>152</sup> Zivo? O, ini zvangu! Zivo chinhu chikuru kwazvo, tinozara, uye muzuva rino tizere nayo. Asi munoono, zivo . . . sezvandaitura pane rimwe zuva, ndichitaura pachidzidzo chezivo. Paiva nemumwe murume akanga akamira panze, akanga achitaura neimwe shamwari yangu akanga akamira ipapo, achiti, “Kana munhu asingatendi mune zvedzidzo, ko anoverengerei Bhaibheri?” Vano . . .

<sup>153</sup> Ndakafunga, “Saka, kana vakatadza kunzwisisa zvakataurwa naIshe Jesu, ko vachazonzwisisa sei dununu rakafana neni, pane zvandinotaura?” Vakatotadza kana nekuMunzwisisa, nekujeka kwose kwaAive.

<sup>154</sup> Akadaro pane rimwe zuva, “Kunze kwekunge watodya mutumbi, Ropa, ukanwa Ropa nokudya mutumbi weMwanakomana wemunhu, hauna Upenyu mauri.” Haana

kumbvoZvitsanangura. Akangopfuurira mberi. Ndizvozvo. Munoono?

<sup>155</sup> “Zvakanaka,” vakati, “Murume uyu anodya vanhu. TinoMuda...kuti tidye mutumbi waKe, nokunwa Ropa raKe. Ndimusvetaropa. Munoono, Anoda kuti isu tive vana musvetaropa.” Maona? Ndavana nyanjere!

<sup>156</sup> Asi Akati, “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.” Munoono, Rinouya kuVasanangurwa, Mwari akasanangura kubudikidza nokufanoziva. “Uye vose avo Baba...Hapana munhu anogona kuuya kwandiri kunze kwekunge Baba vamukweva. Uye vose vaNdakapiwa naBaba, vachauya, vachaRinzwisisa.”

<sup>157</sup> Vadzidzi vakanga vasingaRinzwisise, asi vaiRitenda. Maona? Ndizvozvo. Kana ukaRitenda! Handinzwisise zvinhu zvakawanda. NdinoRitenda, zvakadaro, maona, nokuti Mwari vakati Rakadaro.

<sup>158</sup> Zivo. Munoziva, evhangeri yaSatani izivo. Manga muchizviziva here? Akaiaparidza mubindu reEdheni, kuna Evha, uye ndokunyengerwa neevhangeri yake yezivo. Zvino, wasvibisa rudzi rwose rwavanhu, nayo. Ndizvozvo chaizvo. Vatora hurongwa hwedzidzo, ndokuhuisa muchechi. Zvakanaka hazvo kunze *uko*, asi kwete muShoko raMwari. Kwete, changamire. Hauzive Mwari nedzidzo. Hauzive Mwari noku—noku—nokuziva maitiro, kudzidza masvomho nokutaura mashoko makuru.

<sup>159</sup> Pauro, akanga ari munhu akangwara. Asi paakauya kuna Kristu, akagamuchira Mweya Mutsvene, ndokuenda kuvaKorinte, akati, “Handina kuuya kwamuri nemashoko anonyengera ohuchenjeri hwevanhu,” kunyangwe aigona kunge akazviita. Akati, “Ndakauya kwamuri nesimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene, kuti kutenda kwenyu kugova muna Mwari, kwete muhuchenjeri hwemumwe munhu.”

<sup>160</sup> Dzimwe nguva tinogadzira hurongwa hwechechi, vanodanawo mufundisi wavo—wavo. Chechi inosvika pakuvhotera mufundisi, vanoti, “Zvakanaka, mufundisi uyu, zvino, ane madhigirii maviri ekukoreji. Akadzidza zvepfungwa kwemakore mana. Akaita *izvi*, *izvo*, *nezvimwe*.” Zvino vanovhotera munhu wakadaro (sei?) panzvimbo yemufundisi anotenda kuti Shoko raMwari rakafemerwa uye ndiMwari, uye agoparidza Shoko zvisinei kuti vanhu vanonzwa sei pamusoro paRo.

<sup>161</sup> Mwari vakataurira Ezekieri, munoziva, vakati, “Zviparidze zvisinei kuti vanoZvitenda here kana kuti kwete. Iwe Zviparidze chete, zvakadaro.” Maona? Ndizvozvo. Kana vakaZvigamuchira, kana kuti kwete, hazvina basa. Havana kugamuchira Jesu. Akaramba achienda mberi, achiZviparidza zvakadaro. Maona?

<sup>162</sup> Panzvimbo yemufundisi chaiye anonyatsoparidza Shoko uye achitenda muna Mwari, va—va—vanoedza kuunza nya—

nyanjere, munhu akafunda kudarika vose; munhu anogona kumira mupurupiti anogatora maminitsi anenge gumi nemashanu, kuitira kuti vakurumidze kudzokera kumba, vagoenda (vamwe) kunoitawo zvimwe, uye Ricky agatora kamotokari kake kemujawe obva aenda, uye vanogona kuenda kumabiko ekutamba vachizvonyongoka nezvimwe zvose. Uye zvino, o, zvino—zvinongori zvino—zvinongori bedzi masanganiswa etsvina yedzidzo. Ndizvozvo. Ndizvo chaizvo zvasviri. Ndizvozvo. Asi chii? Zvinogutsa kuravira kwavo, munoono, zvinogutsa kuravira kwenzhengo yechechi yemunyika.

Hazvigutsi kuravira kwemutsvene. Anotora Shoko nguva dzose!

<sup>163</sup> Asi vanoti, “O, zvakanaka, zvino vanhu ava vave kuti pengei zvisoma.” Munoono, havango, havazvinzwisise. Ivo, vari kuedza kurarama muzuva rakapfuura.

<sup>164</sup> Inga zvinoshamisa! Ndakauya kuno kuMadokero, ndokusvikowana vari kuedza kurarama zvezuva akare, vanofarira nguva dzemamwe emazuva akare emacowboy. Zvino ukaenda muKentucky, mazuva akare emahillbilly, vanoda kuita saizvozvo, vova nehurongwa pamusoro pazvo. Asi kana zvasvika paChinamoto chakare, havanei nechokuita naCho.

<sup>165</sup> Mazuva echinyakare? Ndakauya kuno munguva yekupingudza mabhiza, ndikaona vaine mumwe mudzimai mukuru ipapo, aiva nezvinhu zvegirinhi muzasi memaziso ake, uye aine vhudzi duku rakagerwa, mudzanga wefodya uri pamuroyo wake. Sei, dai vakaona zvakadaro mumazuva akare, vangadai vakafunga kuti ane chirwere pane imwe nzvimbo. Ivo, vanga—vanga—vangadai vakamuvharira. Ko dai amai vako vakabuda vachifamba, vakapfeka nemapfekero aunoita iwe nemwanasikana wako nhasi, chii chaitika? Vangadai vakamuisa munzvimbo inochengetwa mapenzi. Ichokwadi, abuda asina kupfeka siketi yake. Saka, zvino rangarirai, ndizvo zvimwe chete nhasi.

<sup>166</sup> Munhu ari kuora munyama yake. Kana vave kusvika pamazera anonzi epakati pakukura, pakati pemakore makumi maviri nemakumi maviri nemashanu, zvizenga zvehuropi hwavo zvave kuworawo zvakare. Havachisina . . . Vanhu vasvika pokuti havachisina kunzwisisa kwakakwana. Havachazivi zvinorehwa nokuti kudzikama. Havachazivi mutsauko pakati pechakanaka nechakaipa. Uye, O, kunyangwe, hurongwa hwavo hwedzidzo, vano . . .

<sup>167</sup> Manga muchiziva here, dzidzo, ndinokwanisa kukuratidzai, kuti ndeyadhiyabhorosi? Kwete kuverenga nekunyora; asi, ndinoreva, kuisa dzidzo yavo muchechi menyu.

<sup>168</sup> Ko communism yakamira pai? Sainzi, dzidzo, ndiye mwari wavo. Satani, munoono, ndizvo zvaakazivisa kuna Evha. Ndizvo zvavachakabatirira pazviri.

<sup>169</sup> Iye zvino zvapinda mumachechi edu, zvapinda mumaBaptisti, Methodisti, nemaPresbyteriani, maPentecosti, nevamwe vose. Zvimwe zvedzidzo, kushandisa njere, mumwe mukuru *nhingi-nhingi* nezvimwe zvakadaro, izvozvo zvinongomukandira kure naMwari. Hazvina kunaka. Hongu, changamire. Zvino, tinoona kuti, kuti (ivo) zvinogutsa chishuwo chavo. Kana—kana—chechi ichinge yavhotera chimwe chinhu chakadaro, zvinongoratidza zviru mupfungwa dzechechi iyoyo, kuti chishuwo chavo chakaita sei, kuti vane nyota yei. Vanoda kuti, “Mufundisi wedu anofunga zvakatambanuka. Haana basa nesu tikanotuhwina vakomana vakasangana nevasikana, uye anotoenda nesu.”

<sup>170</sup> Mumwe musikana muduku akaudza Sarah wangu, rimwe zuva. Mufundisi wake akange amboenda kuAfrica; zvino paakadzoka, akakumura nguwo dzake, manheru iwayo, ndokupfeka tuhembe tunobata, ndokumutambira chiwatusi, kumuvaraidza nokuti akambenge ari kuAfrica. VaWatusi rudzi rwuri ikoko, munoziva. Vakomana, ndingada kuona mumwe wevasikana vangu, muungano yangu, achiedza kuita chinhu chakafanana naizvozvo, watusi?

<sup>171</sup> Munoono, zvinongoratidza bedzi! Uye mufundisi agogara akatarisa mumwe wemuungano yake, kamwe (kane makore gumi nematanhatu kana gumi nemasere) kasikana kunze uko kakashama zvakadaro, zvino omurega pasina zvaaitwa, zvinongoratidza kuti akabuda muchidziva chine tsvina, iye pachake, munhu waMwari achiita chinhu chakadaro. Zvirokwazvo.

<sup>172</sup> Zvakakwasharara, asi ndinocherechedza kuti ndiri kuparidzira nyika yosewo, zvakare. Asi munozivawo izvi zvakare, hama, hanzvadzi, rega ndikutaurire, ndicho Chokwadi.

<sup>173</sup> Gora rinoda zvinhu zvakafa. Ndizvozvo. Zvino izvozvo zvakafa! Ndizvozvo chaizvo. Zvinoratidza pachena, zvinoratidza zviru pachena pano zviru musoro wavo nenharirire yavo, kuti iri kuvapei, munoono, izvo zviru mumoyo mavo. Moyo wavo unoshuvira zvinhu zvakadaro.

<sup>174</sup> Moyo wavo unoshuvira chechi ine vanhu vakadzidza zvikuru, kune vanhu vanopfeka zvakanakisa, uye mufundisi anogatora maminiti gumi nemashanu, kana makumi maviri. Zvino ukapfuurira iwaya, vanomudana seri kuboka ramadhikoni. Uye haafanire kutaura chinhu pamusoro pechivi. Haafanire kutaura chinhu nezvekupfeka zvikabudura, uye kana kutaura nezvevanhu vachiita *izvi*, *izvo*, kana *nezvimwe*. Haafanire kutombozvita zvakose. Kana akazviita, bhodhi rinoita kuti abviswe. Muri kuona zvazviri? Ndiyo sefa yavo yemunhu anofunga.

175 Bhaibheri rinoti, muna Johane 2:15, “Kana uchida hurongwa hwenyika ino, kana zvinhu zvenyika ino, nokuda kwekuti rudo rwaMwari harutomborimo mauri.”

176 Ko zvose zvokupengereka zvavaita muzuva rino, nemuzita rechechi; vachiita square danzi muchechi, bunco, bingo, mapati, rock-and-roll yevechidiki, twisti, nezvose izvi! Onai uyu Elvis Presley, dhiyabhorosi akapfeka shangu! Pat Boone, Ricky Nelson, kunyadzi swa kukuru kwati kwambotakurwa nenyika ino! Ndizvozvo. Vanoti, “O, vanobatikana nezvokunamata zvikuru, vaiimba dzimbo dzechuKristu.” Havafanire kudaro! Che—chечи haifanire kutombotendera chinhu chakadaro! Vamwe vemachinda aya anoenda kunze uko, uye—uye nhasi manheru vari mu—mubhawa kunze uko, vachitamba nokuridza mumhanzi nezvese, zvino usiku hunotevera vanouya paaritari vochema, neusiku hunotevera vari kuridza mumhanzi papuratifomu. O, baba, vangu wee! Ko marara angasvika, ko marara angasvika kupi, zvakadaro? Hongu, changamire. Ngaazviratidze kutanga kuti munhu waMwari, kwete zvese izvi nokuti anogona kukwenya chigitare kana zvimwewo.

177 Kubva pachishuwo chako, unogona kuziva kuti ndiani ari pachigaro chekutonga chemumoyo mako. Nokuda kwezvaunoda, ndizvo zvinotaura. Iwe, unoti, “Zvakanaka, ndinofunga kuti zvinhu zviya zvakanaka, Hama Branham.” Saka, chingorangarira zvino, mumoyo mako, unoziva zvirimo. Hongu, changamire. Nokuda kwechiri kudyiwa nemunhu wako wemukati, izvo zviri kuitirwa nyota nemunhu wako wemukati, uye unoono kuti chinomugutsa; kana risiri Shoko rino, zvino panenge paine chakatsveyama, nokuti Mweya Mutsvene unorarama neShoko roga. Maona?

178 Ndinoda kuti muone imwe njodzi huru, tisati tavhara, kana usina—kana usina mhosva yechimwe chezvinhu zvandataura, uye, ndiyo, njodzi yekushaya hany’a nenyota. Maona? Unoti, “Ndine nyota tsvene. Asi ha—handina mhosva, Hama Branham, yokungoenda ndonojoinha chechi, nezvinhu zvakadaro.” Asi, ona, kushaya hany’a nenyota! Ukashaya hany’a yekugutsa nyota yemvura kana chikafu, unofa. Ukashaya hany’a nenyota iri mauri, yaMwari, unofa pamweya.

179 Munodanira rumutsiriro, unomirira kuti chechi yako ive nerumutsiriro. Zvakanaka, harusi—harusi rumutsiriro rwako. Rumutsiriro runofanira kutangira mauri, paunotanga kuva nenyota yaMwari. Panogona kunge pasina imwe nhengo, yemuchechi, iri kuda rumutsiriro irworwo. Kana rwukatungira mauri, rwunozotungidza dzimwe nzvimbo. Maona? Asi, munoono, unoshaya hany’a nenyota iyoyo.

180 Ukarega kukama mhou, kana mhou yava . . .zamu rakasisa nemukaka; zvino kana ukarega mhou iyi igogara yakadaro, inowoma mukaka. Ndizvo chaizvo. Ukarega kunwa mvura, woti,

“Handichambofi ndakanwa zvakare,” unofa. Ukarega kudya chikafu, unofa.

<sup>181</sup> Saka ukarega kupa Mweya Mutsvene Shoko raMwari, unofa.

<sup>182</sup> Imi Makristu, imi maBaptisti, maMethodisti, maPresbyteriani, maPentecosti, veAssemblies of God, Oneness, Twoness, Threeness, chero zvamungava, munooona; handina basa, izvozvo hazvina zvazvinoreva kwandiri, handifungi kuti zvinodarowo kuna Mwari. Munooona, uri munhu dungamunhu, uri chinhu chiri choga. Hamuzoendi Kudenga sechechi, kana sa—sangano. Unoenda Kudenga semunhu mumwe, zviri pakati pako iwe naMwari. Ndizvo zvoga. Hazvina basa kuti uri wechechi ipi.

<sup>183</sup> Zvino kana ukarega kuverenga Bhaibheri nokutenda Bhaibheri, uye Mweya Mutsvene uchidya paRiri, unofa. Jesu wakati muna Johane 4:3; Gwaro randawana chaizvo... Jesu akati, “Munhu haangararami nechingwa choga, asi neShoko rose,” kwete chikamu chaRo.

<sup>184</sup> Tinotora zvishoma, zvishoma *pano*. Ndinomuti wakadaro mutasvi weBhaibheri anosvetuka mamwe mavhesi. Vanoti, “Zvakana, ndinotenda *Izvi*, asi zvino ngatiendei *uko*, munooona.” Maona?

<sup>185</sup> Unofanira kuRitora, Shoko neShoko. Jesu wakati, “Munhu anorarama neShoko rose rinobva mumuromo waMwari.” Manga muchizviza here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>186</sup> Zvino, munoziva, takaita kuti—takaita kuti zuva ratigere mariri, ta—takaita kuti zuva rino...ku—ku—kutsveyamiswa kwezvinamato.

<sup>187</sup> Mwanasikana wangu akandidana, nguva shoma yapfuura, ndokuti kwandiri, “Baba,” ari kune rimwe divi reimba, akati, “uyai kuno, tichange tiine nhepfenyuro yezvekunamata.” Yaive iri yekuimba, kuimba dzimbo dzekunamata, zvino paiva nekamwe kaRicky kakanga kachiverenga ipapo. Kana ndakamboona boka rinomhura, ndirori! Vakomana vaive kumusoro ikoko, nevanhu, zvaiita sokunge mutambo wemunodyirwa. Zvichiita serumwe rudzi rwemaIndia, zvino vaingoenderera, ne—nekumbochirika vozorovana nezvibhakera.

<sup>188</sup> Kuripi, kwakaendepi kuperera, dziripiko nziyo dzakare dzataimboimba, tichifara muMweya waMwari, nemisodzi ichiyerera nepamatama edu? Iye zvino tinoedza kumbomira kufema kusvikira tisisina mweya wekufema wakakwana matiri, kusvika chiso chashanduka kuva neruvara rwebhuruu, kuedza kuratidzira kuti uri muimbi weimwe mhando. Munooona, takazvitevedzera kubva kuHollywood, nehurongwa hwose hwatinoona mukuimba uku kwezvenjere nekudzidzisa kushandisa mazwi. Ndi—ndinofarira kunzwa kuimba kwakanaka; ndinofarira kunzwa kuimba kwakare kwakanaka,



kunobva pamoyo, kwechipentecosti. Asi zvirokwasvo ndinovenga katswiriri kavanoti kuimba, muzuva rino. Ndizvozvo. Ndinofunga kuti ndicho chinhu chisina kana kumbofanira. Kutsveyamisa. Ndizvozvo.

<sup>189</sup> Ndinoda kuona murume ari munhurume. Ndinovenga kuona uyo anenge akapfeka nguwo dzemudzimai wake dzemukati kunze uko, dzakatsemurwa parutivi; uye—uye nevhudzi rakaiswa roller rakaremba nechepano pamberi, uye nematani maviri evhudzi akaremba sematsumbu, rakachekwa pamberi. Zvakadaro, ha—handingamboti zvakadaro murume. Haazive kuti ari divi ripi rerudzi. Maona? Ndizvozvo. Munoono mudzimai, onai, mudzimai ari kuedza kudimbura rake, ogadzira vhudzi rake seremurume; murume ari kuedza kugadzira vhudzi rake, zvitsumbu, seremudzimai. Murume ari kupfeka nhumbi dzemudzimai wake dzemukati; mudzimai ari kupfeka hovhorosi yemurume. Munoono, kunongori kutsveyama, kwese-kwese.

<sup>190</sup> Ndizvo zvimwe chetewo zviru nyika, nevanhu, nemachechi, nezvose. O Mwari! Aripiko magumo ezvinhu izvi? Kuuya kwaIshe Jesu Kristu, ndiwo magumo azvo.

<sup>191</sup> Ndizvo, kana ukarega kupa Mweya Mutsvene chokudya cheShoko raMwari! Jesu wakati, “Shoko rose richaitwa neMweya Mutsvene.” Uye chiterera zvino. Ukaedza kuUpa chikafu chisiri icho, kana Uri Mweya Mutsvene wechokwadi uri mauri, Uchaziva mutsauko. Zvino, rangarira, kuti Mweya Mutsvene unodya paShoko raMwari. Haudye pakunakidzwa. Haudye padzidzo. Haudye pakuenda kuchechi. Haudye padzidzo dzebhaibheri. Pane mutsauko mukuru pakati pechinhu chakafemerwa nemaonero acho ari edzidzo yebhaibheri.

<sup>192</sup> Vose vava vadzidzi vebhaibheri mumazuva aJesu, ini wee, vakanga vaine shoko richitevera shoko, peji ichitevera peji, zvose zvakanyatsorongeka, Mhesiya anofanira kuuya nenzira *iyi!* Ndizvo chaizvo zvazvaive. Zvino ivo, vose, vakazvipotsa. Munoziva zvakataurwa naJesu paAkauya, akati, “Muri vababa venyu dhiyabhorosi, uye mabasa ake muchaaaita.”

<sup>193</sup> Zvakanga zisina kuzarurwa kwavari zvaiva Shoko chairo. Munoono, vakapotsa tumakona tuduku tuya, sekupotsa kwavari kuita nhasi. “Kana ukava nhengo *yekwakati* nekuva nhengo *yekwakati*, unenge uri pakanaka.” Usambozvitenda. Unofanira kuva waKristu. Zvino kana muine chimwe Chinhu mauri, chine nzara yaKristu!

<sup>194</sup> Chingorangarira, pawave muchiuno chababa vako, wakanga uinavo kareko. Asi baba vako vakanga vasati vava kukuziva, uye iwe wakanga usingazive baba vako. Zvino wakatozouya kuti uzvarwe. Mwari vakaita nzira nemuna amai vako, vave pa—panokurira mbeu, zvino yakazouya. Zvino wakazova murume kana mudzimai, chero zvazvaiva, zvararo

wakazocherechedza baba vako, uye baba vako vakazokwanisa kuyanana newe.

<sup>195</sup> Zvino, rangarira, kana uine Upenyu Husingaperi, Upenyu hwako hwaive muna Mwari pakutanga. Zvino, Upenyu, Mwari iShoko. Zvino Shoko parakaitwa nyama muna Jesu Kristu, Mwari vachidzika kuzogara mumutumbi waVo pachaVo, vakaZviita kuva Mwanakomana waMwari. Zvino Mwari pava kadzika kuzogara imomo, iwe waive maAri paAkarovererwa pamuchinjikwa. Zvino wakarovererwa pamwe chete naYe, uye ukafa pamwe chete naYe paKarivhari. Wakavigwa pamwe chete naYe, pagomo. Uye ukamuka naYe, mangwanani eEsta. Uye zvino mugere pamwe chete munzvimbo dziri kumaTenga, maAri, uye zvino wave nekuyanana naYe. Maona?

<sup>196</sup> Mwari pachaKe akave mumwe wedu. “Hakuna munhu akamboona Baba, nguva ipi zvayo, uyo Akabarwa ari oga (Mwanakomana) naBaba ndiye akaMuzivisa.” Naizvozvo, Mwari vakava munhu, kuti vagoyanana newe semunhu. Maona? Iye zvino wave—wave nyama, uye iYe inyama. Mwari akaitwa nyama pakati pedu, muMunhu weMwanakomana waKe, Jesu Kristu. Uye maAri maiva naMwari. Aive Mwari, pasina chimwe kunze kwekuva Mwari. Aive Mwari. “Mwari achizviratidza muMwanakomana, Jesu Kristu,” zvakaMuita kuti ave *Emanueri*, sokureva kwakaita muporofita kuti Aizove.

<sup>197</sup> Zvino chionai, zvadaro, waifanira kuvepo nyika ino isati yavambwa, zita rako rakaiswa muBhuku reUpenyu reGwayana. Ko zvino unogona kudyei? Mweya Mutsvene unorarama neShoko raMwari. Zvino muna Zvakazarurwa 22:19, the Bhaibheri rakati, “Ani naani achabvisa Shoko rimwe kubva *Umu*, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, chikamu chake chichabviswa kubva muBhuku reUpenyu.” Muri kuona kudzama kwazvakaita? Haukwanise, Mweya Mutsvene haurarame nezvinhu zvemunyika.

<sup>198</sup> Seshiri njiva negunguwo. Gunguwo munyengeri mukuru. Gunguwo, muchinda iyeyu anogona kuenda kunze uko uye agodya gorosi zuva rose; ozoenda neche uko obhururukira pane chakafa, pachitunha chagarisa, ochidyawo zvakare. Anogona kugara mumunda uye agogona kudya pamwe nenjiva, gorosi, zvino ozoenda kunodya chitunha chakafa.

<sup>199</sup> Asi njiva inogona kudya gorosi zuva rose, asi haigone kudya chitunha chakafa, nokuti injiva. Zvino njiva haina kana nduru. Kungodya kamwe kubva pachitunha chakafa, kunouraya njiva. Munoono, haina nduru. Zvino ndizvo zvazviri, hapana nduru.

<sup>200</sup> Ndizvo zvakaita Mukristu chaiye, wechokwadi. Havadi zvinhu zvemunyika. Vanongodya paShoko raMwari, uye iRoga; iro rakachena, Sefa yemunhu anofunga. Munoono,

vanopfuura naImomo, uye Imomo moga. Zvinhu zvakafa zvemunyika, zvinovanhuwira.

<sup>201</sup> Onai gunguwo rakare mumazuva okuparadzwa nemvura, richibhururuka richibva pane mutumbi richienda pane mumwe, richidya zvitunha zvakafa kare, harina kuzodzoka kuareka. Asi njiva yakashaya pokumhara netsoka dzayo, munoona, yakadzoka kuareka kwayaiwana mbeu. Zvino ndiwo maitiro atinoita, tinorarama neShoko raMwari.

<sup>202</sup> MumaPisarema 42. Dhavhidha aifanira kunge akanyora Pisarema iri, maPisarema 42, paainge ari kutiza, paakati, “Mweya wangu une nyota yenyu Imi, senondo inotakwairira hova yemvura.” Tarira, akachema. Dhavhidha akanga ari kutiza. Akanga a. . . Aiva nemafuta echizoro paari, aiziva kuti aizova mambo. Muporofita akanga amuzodza kuti azova mambo. Zvino cherechedzai, zvino heunoi uyu, aiva neboka duku ramasoja, raiva nevaHedheni, nevamwewo, vaive pamusoro pegomo. Uko kwaiva, neguta rake rinodikanwa, nokuda kwechivi chavo, rakanga rakapoteredzwa nevaFiristia. Zvino Dhavhidha, nezuva iro raipisa, zvinoita sokuti ndipo paakanyora Pisarema iri, “Senondo inotakwairira hova yemvura.”

<sup>203</sup> Cherechedzai Dhavhidha ari muchinhano ichi. Akatarisa pasi, akatarisa guta rake rinodikanwa. Zvino akarangarira paaive mukomana mudiki, aipota achienda nemakwai pane chimwe chidziva imomo. Yaive huru, nyika huru yemvura, uyezve nyika yechingwa, zasi ikoko. Zvirokwazvo, *Bheterehema*, zvinoreva “imba yeChingwa chaMwari.” Zvino apo Dhavhidha paakarangarira achienda nepo achinonwa mvura yakanaka inotonhorera, zvino pano arere kumusoro kuno zvino, mutizi, kure nevanhu vake. Akanga asina nzvimbo yaaigona kuenda, zvino mweya wake unofanira kunge wakachemera mvura iya yakanaka inotonhorera.

<sup>204</sup> Akanga aine vamwe varanda ipapo avo, imiwee, zvokuti chishuwo chake chidukusa kwavari yaive rairo. Zvino ivo, vatatu vavo, vakarwisa nzira yavo nemuvaFiristia; mamaera gumi nemashanu, mamaera manomwe, kana zvimwewo, vachidzika pamwe nokudzoka; vachicheka nzira yavo nepakati, ndokumuigira mvura iyoyo yokunwa. Asi mweya une nyota. . .

<sup>205</sup> Mutumbi wake, iye akange ari kumusoro ikoko, pamwe aingonwa kubva mune chose chaaigona kuwana, matehwe akasakara embudzi nezvimwewo, muine zvimvura zvaipisa, musi iwoyo pakwaipisa. Akafunga, “Dai ndaingokwanisa kurara pasi ndopedza nyota iyi yandiinayo! Dai ndangogona kudzika zasi uko kuBheterehema ndovata pachitubu chiya, ndobva ndanwa!”

<sup>206</sup> Zvino pavakadzika vakanotora mvura, ndokuiunzazve, nyota yepamweya wake yakanga yakakurisa, kwete yeBheterehema, asi kubva kuJerusarema; ndizvo zvaiva mweya

wake. Saka akapirisa mvura iyi, achiti, “Handitomboinwi.” Ndokuidururira pasi. Munoono, mweya wake waitonyanya kuva nenyota yaMwari, kudarika kugutswa neyakanaka... nyota yake yemutumbi wake, nemvura yakanaka inotonhorera. Akaidururira pasi.

<sup>207</sup> Onai, Imba yaMwari, mvura dzinotonhodza mweya dzeJerusarema, iri kumusoro! Jesu akati, muna Johane 6:33, “Ini ndini, Chingwa cheUpenyu. Ini ndini Chingwa cheUpenyu.” *Bheterehema*, “imba yaMwari,” chechi yedu, chechi yepanyika yaMwari, iyo chechi iri pano panyika. Tinodisa kuenda kuchechi iri pano panyika, asi Jerusarema ihuru zvakadarika, iyo iri kumusoro, inova Mwari. Jerusarema yekumusoro, inova Mwari! Nyota yemweya iyoyo yakakurisa, kuti uveko naYe, kudarika zvazvingava kungozvigutsa nokujoinha chechi pane imwe nzvimbo. Munoono, kujoinha chechi hazvigutse nyota iyi. Dhavhidha wakazviratidza pano, mvura dzakanyatsobva muimba yaMwari, munoono, akaidururira pasi; kuti awane kufarirwa, kuti awane kunwa kwakanaka kunotonhorera kubva kuna Mwari. Kunyangwe pana izvozvo... Kudarika nyota iri mauri, inyota yemunhu wemukati yokuda Mwari.

<sup>208</sup> Cherechedzai Jerusarema, shoko. “Jerusarema inobva kumusoro,” Bhaibheri rakati, “izvo zvatiri... ndiro Amai vedu tose.” Zvino Kristu ndiye Amai vedu. Tinochedzwa kuti Mwari ndiye Amai vedu, nokuti takaberekwa naYe. Shoko iri rinongoreva kuti “rugare,” Jerusarema, *Shalom*. Kana kuti, *Shalom*, zvinoreva kuti “rugare,” Jeru-shalom, munoono, zvinoreva “rugare.”

<sup>209</sup> Ngaifanire kuve iyo nyota huru yemweya wose, yemvura dzeUpenyu, kudarika kungoti uri nhengo yechechi; nyota yemunhu wemukati haikwanise kugutswa, nyota chaiyo yechokwadi. Inogona kutsveyamiswa. Unogona *kufunga* kuti uri pachinhano chakanaka kana wajoinha chechi, asi handiZvo. Izvozvo hazvigutse nyota yechokwadi tsvene yaMwari. Hazvitombokwanisi kuzviita. Zvinongo... Hazvipo zvachose.

<sup>210</sup> Zvino Dhavhidha akati, mumaPisarema 42:7 pano, “Kana pakadzika podana Pakadzika, paruzha rwemapopoma eNyu,” kudana kwemunhu wemukati.

<sup>211</sup> Tarirai, ndinowanzoshandisa ichi semufananidzo. Kana paine zenze pamusana wehove, rakatoiswapo kuti igorishandisa pakushambira. Inebasa naro. Zvino dai iyo yaiti, “Ini ndichange ndiri hove yakasiyana nedzimwe. Ndichange ndakangwara, ndiri hove yakadzidza. Uh-huh, ndi—ndichango... ndichanyatsotenda imwe dzidzo yebhaibheri chaiyo! Ndinotenda kuti handifanire kunge ndiine zenze iri?” Hapana kure kwainosvika mumvura, ingadaro? Zvino ndizvo chaizvo.

212 Ko dai muti wakati, “Zvino, ndinoziva kuti paifanira kuva nenyika kutanga, yekuti ndigokurirapo. Ndizvozvo. Ndinofanira kukura muvhu. Asi ndichange ndiri muti wakasiyana nemimwe miti, ndinoda kuti vagondigadzika kunze uko pakati penzira, kuitira kuti ndionekwe”? Munoono, hauzorarami nguva refu. Maona? Ndizvozvo.

213 “Kana pakadzika podanira Pakadzika”: Zvinitora zvinodarika kujoinha chechi. Zvinitora zvinodarika kukwazisana maoko nemuparidzi. Zvinitora zvinodarika kurarama upenyu hwakanaka, hwakatwasuka. Zvinitora chimwe chinhu kugutsa zviri mukati mako, zvinodururwa zvichidzika kubva kuna Mwari, zvichipinda mumunhu wemukati. “Pakadzika pachidana Pakadzika, paruzha rwemapopoma eNyu, O Ishe. Pakadzika pachidana Pakadzika!”

214 Imhandoi yenyota yatingafunga kuti iri matiri manheru ano? Isu, sevanhu vechiPentecosti, tiri kuendepi? Imhandoi yenyota iri matiri? Imhandoi yenyota iri mandiri? Imhandoi yenyota iri mauri? Usaedza kunyaradza nyota tsvene yaMwari.

215 Makore akapfuura, pavakanga vaine ndarama mumakomo ari kuno uko. Ndakaverenga imwe nyaya, makore mazhinji akapfuura, yakaramba iri mandiri. Yaiti paiva ne—nemutsvaki wezvicherwa akaenda pane imwe nzvimbo kudarika makomo ari kuno, achitsvaka ndarama, ndokuwana nzvimbo yaive yakapfuma. Zvino akadzoka, achifunga; kana achinge asvika kuguta, izvo zvaizova, matambudziko ake ose akange apera. Zvino—zvino aka—akaedza ku—kuti, “Mangwana ndichapindamo uye ndicha. . .” Rwendo rwezuva rimwe chete, anenge achipinda muguta, uye anenge aine ndarama. Zvino akanga aine masaki makuru aive azere naro.

216 Aiva nembwa pamwe naye. Kwete kuenzanisa imbwa kuMweya Mutsvene, asi sezvandiri kungopa mufananidzo. Asi imbwa iyi. . .

217 Usiku hwose, mutsvaki wezvicherwa uyu aive avete panhowo yake, zvino—zvino akatanga kufunga, “Zvino, mangwana ndicha—ndichatora ndarama yangu yose, zvino ndichava izvo zvandagara ndichida kuva. Nda—nda—ndagara ndichingoda kuva munhu mupfumi. Nda—ndagara ndichida kuva ndiine zvinhu zvakanaka, nezvakadaro.”

218 Zvino—zvino imbwa iya yakatanga kuhukura, nokuda kwekuti paiva nemhandu yakanga yave kusvika. Zvino a—akabuda kunzeko, ndokuti, “Nyarara!” Nokudaro imbwa yakabva yanyarara. Uye achangodzokera panhowo, paakange oita sokuchibatwa nehope, imbwa yakabva yatanga zvakare, ichichirika pangetani. Akaenda pamukova zvakare, ndokuti, “Nyarara! Ndinoda kuti uzive kuti mangwana ndichange ndiri mupfumi, waona,” uye ndidzo dzaive vavariro dzake huru. Asi imbwa yakatanga kuhukura zvakare.

219 Zvino pakupedzisira, akawodzwa moyo, akaenda ndokunotora chifepe chake ndokupfura imbwa, akaiuraya. Akati, “Handichisina basa newe, zvakadaro. Mangwana ndichange ndiri mupfumi. Ndichava mupfumi, mangwana.”

220 Zvino akagadzika pfuti mukona, ndokufuratira musiwu, ndokubva akotsira. Zvino paive nemurume ainge ari kumutevera, kwemazuva, akapinda kaverevere ndokumuuraya. Haana kuzova mupfumi, munoono, akanyararidza bhero reyambiro raiedza kumuudza kuti upenyu hwake hwakange hwave panjodzi.

221 Zvino, hama, hanzvadzi, hauzombokwanisi... Usambofa wakaedza kunyararidza yambiro tsvene iri kudana mumoyo mako, munoono, nokujoinha chechi, nekudzokorora chitendwa, nekuya nhengo yerimwe sangano.

222 Pane chinhu chimwe chete chinogona kuigutsa, ndiye Munhu, Jesu Kristu. “Senondo inotakwairira hova yemvura, saizvozvo mweya wangu unotakwairira Imi, O Mwari. Mweya wangu une nyota yaMwari mupenyu!” Munoono, pane chinhu chiri mauri, chinoda kuona kufamba kwaMwari. Mweya wako une nyota yaZvo. Usamirire pane chinhu chisiri ichoChi.

223 Usarege mumwe mufundisi achikuudza kuti, “Unofanira kungomukwazisa ruwoko rwake, wojoinha chechi, kana iva nhengo yesangano *rimo*.” Usauraya yambiro tsvene. Rwuri kukuyambira. Rimwe zuva richauya pauchasvika pamagumo enzira.

224 Sezvakaita mumwe mudzimai muduku wemuguta redu uko kwatinobva. Akaudza... Kamwe kasikana kadiki kakaendako kuchechi, zvino kaive kari kasikana kakaisvonaka. Zvino ainge kachidzika nenzira. Aiva nevhudzi refu, munoziva, uye vhudzi rake rakange rakadhonzera kumashure rakati tsvete sehanyanisi yakamenywa, potse-potse, uye chiso chake chainge... asina kuzora pendi. Zvino musikana uyu aipota achimuseka, achiti, “Dai wanga usina muparidzi uya akapata wainaye kumusoro uko,” achireva ini, ndokuti—ndokuti, “unogona kuzoratidzika sechinhu chakadzikama. Asi unoratidzika sechinhu chabva muchitoro chinotengesa zvinhu zvakare-kare.” Uye, o, ainyatsomufurufusha, nguva dzose paaimuona saizvozvo. Akati, “Mufundisi wedu ane pfungwa dzakatambanuka.” Akati, “Iye—iye—iye anozviziva. Izvovo, sei muchiita zvakadaro? Hazvina basa, nemapfekero ako kana zvaunofunga.” Zvine basa! Bhaibheri raMwari rakati zvine basa. Tichararama neShoko rose!

225 Zvino musikana muduku uyu haana kumbomuteerera napaduku pose, ndokuramba achienda mberi. Atori mumishinari izvozvi.

226 Saka zvino uyu—uyu mudzimai muduku akazorwara nechirwere chepabonde, zvino ndokufa. Shamwari yangu

yakamupombera mushonga wokuchengetedza zvitunha apo akange ave kufa. Akandiudza, akati . . . Mushure mokunge mudzimai afa, akaramba achinzwa kunhuwa kwemushonga. Akange aine buri rakange rakadyika parutivi pake, chirwere chepabonde. Havana kana . . . Kunyangwe vabereki vake havana kuziva dambudziko rake. Zvino akafa. Asi asati afa . . .

<sup>227</sup> Aidzidzisa Sunday school. Zvino boka rake rose duku reSunday school vakauyamo, vaida kumuona paainge oenda kuDenga, Ngirozi dzouya kuzoenda naye dzakamutakura. Zvino mufundisi wake aive panze, achiputa mudzanga wefodya, achifamba achikwira nokudzika muhoro yemuchipatara. Zvino vose vainge vachizoimba paanenge ave kufa, munoziva. Vaiziva kuti akanga achizofa. Vana chiremba vakati akanga ari kufa, saka vose vakanga vachazoonza Ngirozi dzichiuya, dzichienda naye dzakamutakura.

<sup>228</sup> Zvino pakare-pakare, akanga apo zvino atarisana namazvirokwazvo! Zvino, akanga ari nhengo yakatendeka yemuchechi, akanga ari mudzidzisi weSunday school, uye ari nhengo yechechi yakatendeka yeimwe chechi yesangano huru yakanaka. Asi zvino paakatanga kutandadza, rufu rwakamurova; maziso ake akadzvondoka, zvino ndokuti, “Ndarasika!” Akati, “Ndarasika! Endai, munitora mufundisi!”

<sup>229</sup> Akadzima mudzanga wake, ndokufamba achipinda, achiti, “Pano, pano! Pano, pano! Tichadana chiremba kuti akubaye jekiseni rinokudzikamisa.”

<sup>230</sup> Akati, “Handisi kuda jekiseni rokudzikamisa.” Ndokuti, “Iwe munyengeri wavanhu! Ndave kufa, uye ndave kuenda kugehena. Zvino ndarasika nokuda kwekuti wakatadza kundiudza Chokwadi. Endai munitora kasikana kaduku kaya kekwaGoodhue, muuye naye kuno kwandiri, nokukasika. Ari muchokwadi.”

<sup>231</sup> Mira kusvika wasangana nemazvirokwazvo kamwe. Usaedze kumisa yambiro tsvene iyi. UsaIdhuurire kure nechifefe chemiromo miviri, chechimanjemanje, chedzidzo. Terera kuyambiro iyo yeMweya Mutsvene, manheru ano, iri kukuyambira, “Ndini Nzira, Zvokwadi, neUpenyu; hapana munhu anouya kuna Baba, asi nekwaNdiri.” Uye Ndiye Shoko.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

<sup>232</sup> Ndinoda kudzokorora Shoko rimwezve raIshe Jesu, pamunenge muri kufunga nezvaro. Jesu akati, muna Mateu 5, “Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota.” Anotori maropafadzwo kuva nenyota iyi mauri. Wasvika here panzvimbo yekuti hurongwa hwako—hwako—hwako hwose hwasvibiswa nezvemasangano, netwuzvinamato twakatsauka nemapoka, nezvimwe, twuhurongwa twechechi, zvokuyanana, sokujoinha mapato, nezvimwe zvakadaro, kubva pane ino chechi uchienda kune imwe chechi? Ko Dhiyabhorosi akakwanisa here

kuisa mvura iya yakasvibiswa, zvino iwe uri kushapira kubva imomo, senguruve iri muchinwiro? Apo, hautombozivi chinopedza nyota chechokwadi chaMwari; kuMuona, mazvirokwazvo, kubudikidza neMweya Mutsvene uri kugara mauri, uchizviratidza. Kana waka—kana wakadaro manheru ano, kana uchine nyota yaMwari, rega ndikutaurire:

Riripo Tsime rizere neRopa,  
Rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,  
Apo vatadzi vakawira pasi pamafashama,  
Vanobviswa makwapa avo ose okupomerwa.

Mbavha iya yaifa yakafara kuona  
Tsime iri muzuva rake;  
Kana neniwo, ndakashata saiye,  
Ndinosuka zvivi zvangu zvole.

Kubvira nokutenda ndakaona iyo hova  
Inodirwa nemaronda eNyu anojuja,  
Rudo runodzikinura rwakava dingindira  
rangu,  
Uye zvichadaro kusvikira ndafa.

<sup>233</sup> Kana uine nyota iyi manheru ano, kuti uwedzere zivo yezvaMwari, uye kuti ugoswedera pedyo naYe, ungasimudze here ruwoko rwako zvino apo musoro wose wakakotama, uchiti, “Ndinamatireiwo.” O Mwari, tarirai mawoko!

<sup>234</sup> Kunze uko munyika kuri kusvika nhepfenyuro zvino, kubva kuMabvazuva, kuMaodzanyemba, kuMadokero, nekuChamhembe, imi muri mumakamuri, simudzai mawoko enyu kuvafundisi nekune ani aripo, kuti unoshuva; iwe, chimwe chinhu mauri, chine nyota yaMwari. Nyota iya tsvene!

<sup>235</sup> Usaigutse. Oh, unoti, “Hama Branham, ini—ini ndakadanidzira kamwe. Ndakatamba ndiri muMweya.” Rega, rega, rega kugamuchira zvakadaro. Kwete.

<sup>236</sup> Mirira kusvikira kugutsikana uku kwasvika, Mugove unogutsa wehuzaro hweMweya Mutsvene hunouya mauri, zvadaro mabhera omufaro okudanidzira, nokutaura nendimi, nokutamba muMweya, anouya. Hauzodi kuzviita nomumhanzi. Unozviita paunenge uchidzika nomugwagwa, uri mumotokari yako. Unozviita paunenge uchitsvaira pasi mumba. Unozviita paunenge uchikomera zvipikiri mumadziro, pabasa rako rohukaripenda. Kwese kwaungava, Mufaro uya usingataurike uzere nekubwinya!

Zvino ngatinamatei.

<sup>237</sup> Baba voKudenga Vanodikanwa! Yakareba, yakarebenuka, yakatambanuka, iyi Mharidzo duku manheru ano, asi, Mwari Vanodikanwa, dai Mweya weNyu Mutsvene waendesa du—dudziro kumoyo yose. Imo muchechi muno, manheru ano, manga muine mawoko akawanda akasimudzwa mudenga,



kwese kwakapoteredza mumahoro nekwese. Isu–isu, Mwari vanodikanwa, tinovanamatira. Oh, dai Mugove uya unogutsa waMwari (unova Kristu, Tariro yeKubwinya, Tariro yeUpenyu mauri), dai Ikauya kune mumwe nomumwe wavo.

<sup>238</sup> Kunze uko munyika, kubva kuCalifornia, kumusoro-soro kuNew York zvino, uko kuri nguva dzamavambo emangwanani, vari kutoteerera kumusoro ikoko; uko ku—kuNew Hampshire, uye tichidzika muBoston, uye nekwese zasi kuTexas, tichipfuura nemuIndiana, topinda nomuCalifornia, nekwakapoteredza. O Mwari, tarirai mawoko ayo; tarirai zviri pasi pawo, Ishe, iwo moyo apo une nzara nenyota.

<sup>239</sup> Zuva rino rakatsveyama, apo dhiyabhorosi apofomadza maziso evanhu, nokungojoinha chechi, voti, “Ndizvo zvoga zvaunoda.” Uye vanoramba vachizvitarisa vachiona maitiro avari kuita, uye nechishuwo chavainacho chokuda kufanana nenyika.

<sup>240</sup> Apo, Bhaibheri rinotiudza kuti, “Kana tikangoda zvinhu zvemunyika, rudo rwaMwari harutombori matiri.”

<sup>241</sup> Pafungei, Baba, matsveyamisiro aanogona kuita Shoko ramazvirokwazvo rechokwadi, uye kuti vanogona kuti, “O, tinotenda Bhaibheri, asi kwete *Izvi*. Hatitende *Izvi*. Tinotenda kuti *Izvi* zvaive zverimwe zera. Tinotenda kuti *izvi* ndizvo Zviya,” nokuti, rimwe sangano rakamonyorora pfungwa dzavo muchidziva chiya chine tsvina.

<sup>242</sup> Apo, Jesu paakati, “Ani naani achatapudza Shoko rimwe chete kubva mune *Izvi*, kana kututsira shoko rimwe chete kwaRiri, chikamu chake chichabviswa kubva muBhuku reUpenyu.”

<sup>243</sup> Mwari Vanodikanwa! Fungai nezvezvigumbuso musi wekuTongwa, apo vanhu vakararama upenyu hwakanaka, hwakachena, hutsvene, vachienda kucheche nokutendeseka kwose, vonge vakarasika.

<sup>244</sup> Fungai pamusoro pevaFarisei vaya, kuti, kubvira vari vakomana vaduku, vaidzidziswa muShoko, vachipfuura nemuzvikoro nezvose, vatsvene (vaitofanira kuva saizvozvo, kana kuti vaifa vachitakwa namabwe), uye Jesu akati, “Muri vababa venyu dhiyabhorosi.”

<sup>245</sup> Kutiwo Israeri yakadzika zasi ikoko! Zvino iyi ngaive yambiro kumaPentecosti, Ishe, munyika yose. Kuti Mosesi, muporofita, akadzika achiuya muEgipita, kuzozadzikisa Shoko raMwari, kuunza chiedza chemanheru kwavari! Kuti vakawona zvishamiso zvikuru zvaMwari! Kuti vakamutevera, vakayambuka Gungwa Dzvuku, vakabhabhatidzwa kwaari, vakaenda murenje vakadya chikafu cheNgirozi chakadonha kubva Kudenga. Uye zvadaro ndokuramba kutora Shoko rose, pavakadzoka kubva kuKadheshi-barnea...kuenda

kuKadheshi-barnea, kubva ku—kubva kunyika yechipikirwa, zvino ndokuti, “vakaita sehofori; hatigoni kuzviita.” Apo, Mwari akanga ati, “Ndakatokupai nyika yacho nechekare”! Vepamuganhu! Jesu akati, “Ivo, vose, vakaparara. Vakafa,” vakarasika, vasina Mwari, kunyange vakaita zvinhu zvose izvi. Vakawona zvishamiso izvi; vakafadzwa, vakatamba vachikwira nekudzika pamahombekombe egungwa, naMiriye mu, pavairidza matamborini. Zvino vatatu bedzi, kubva pakati pemamiriyoni maviri, ndivo vakapinda.

<sup>246</sup> Tinocherechedza, Baba, kuti kana mbeu, zvizenga zvinobva kumurume nemudzimai, pazvinobatana, pane imwe bedzi, kubva pakati pemiriyoni, inogamuchirwa. Chizenga chimwe chinobva kumunhurume chinowana zai rakakwana remudzimai, munhukadzi, zvino mamwe mamiriyoni ose anoparara.

<sup>247</sup> Pane miriyoni, mamiriyoni maviri, vakabuda muEgipita; vaviri, Joshua naKarebhu, vakapinda munyika. Mumwe chete kubva mumiriyoni. Baba, ndi—ndinodendera kana ndikazvifunga. Fungai, pasi rose nhasi, mamiriyoni mazana mashanu eMakristu, kunozova nemazana mashanu kana Muri mauya nhasi. O Mwari, itai kuti tirangarire kuti Shoko rose raMwari rinomira, serangaridzo. Tinofanira kuRitenda. Tinofanira kuRiteerera.

<sup>248</sup> Uye paMakati, “Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mugobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi, uye muchagamuchira chipikirwa cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu, nekuvana wenyu, nekune avo vari kure, neavo vose vachadanwa naIshe Mwari wedu.” Uye, Mwari, Muchiri kudana, manheru ano, uye vimbiso ndeye pose apo pamunenge Muchidana.

<sup>249</sup> Zvino vafundisi vamonyorora pfungwa dzevanhu ava, ndokuitungamirira nechikoro chedzidzo yebhaibheri, chemasangano, kune chinhu chokungoti, “O, iwe ingotenda chete.” Dhiyabhorosi anotendawozve, asi haakwanise kugamuchira Mweya Mutsvene. Judhasi Isikarioti waive... akaita zvo—zvose, zvakaitwa navadzidzi, kuparidza Evhangeri; asi payakasvika nguva yokuti agamuchire Mweya Mutsvene, akararatidza mavara ake.

<sup>250</sup> Mwari, dai vanhu vemunyika manheru ano vacherechedza kuti, pasina chiitiko ichocho, vakarasika. Dai akave iwo manheru ano apo mweya yavo ichagutswa neMugove Wenyu, Ishe, patiri kuvakumikidza muruwoko rweNy. NdeveNy, Ishe. Isu tinopindurira bedzi kune zveShoko. Ndinonamata kuti vagotenda nemoyo wavo wose, uye vagozadzwa neMweya Mutsvene. Takumbira nemuZita raJesu. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti Akatanga kundida

Ndokutenga ruponiso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>251</sup> O, Iye ndiye here Mugove wako unogutsa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] O, ini zvangu! MunoMuda here nomoyo wenyu wose? [“Ameni.”] Zvino, maShoko acho dzimwe nguva anocheka, asi ngatiimbei muMweya zvino, munoono, mumwe nomumwe wedu zvino. Ngatikwazisane nehama igere pedyo newe, nehanzvadzi, wobva wangoti, “Mwari akuropafadze, mufambi,” patiri kuchiimba zvakare. [Hama Branham vanokwazisana nevanhu.]

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti Akatanga kundida  
Ndokutenga ruponiso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>252</sup> Zvino takwazisana mumwe nomumwe. Zvino ngatingovhari meso edu tigoimba muMweya, takasimudza mawoko edu kwaari.

NdinoMuda, ndinoMuda,  
Nokuti Akatanga kundida  
Ndokutenga ruponiso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

O, haAshamise here?

Anoshamisa, shamisa, Jesu kwandiri,  
Gurukota, Muchinda weRugare, ndiYe Mwari  
Samasimba;  
O, kundiponesa, kundichengetedza kubva  
kuchose chivi nokunyadziwa,  
Anoshamisa muDzikinuri wangu, rumbidzai  
Zita raKe!

O, anoshamisa, shamisa, Jesu kwandiri,  
Gurukota, Muchinda weRugare, ndiYe Mwari  
Samasimba;  
Kundiponesa, kundichengetedza kubva  
kuchose chivi nokunyadziwa,  
Anoshamisa muDzikinuri wangu, rumbidzai  
Zita raKe!

<sup>253</sup> O, uri kufadzwa here nechiiitiko chako naKristu? [Ungano inopembera, “Ameni.”—Mupepeti.] HaAshamise here? HaAgutse here?

Ndakange ndakararika, zvino ndawanikwa,  
ndisina kupomerwa,  
Jesu anopa rusununguko neruponiso ruzere;  
Kundiponesa, kundichengetedza kubva  
kuchose chivi nokunyadziwa,  
Anoshamisa muDzikinuri wangu, rumbidzai  
Zita raKe.

O, anoshamisa, shamisa, Jesu kwandiri,  
 Gurukota, Muchinda weRugare, ndiYe Mwari  
 Samasimba;  
 O, kundiponesa, kundichengetedza kubva  
 kuzvose chivi nokunyadziwa,  
 Anoshamisa muDzikinuri wangu, rumbidzai  
 Zita raKe!

<sup>254</sup> Munotenda here kuti zviri muMagwaro? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Bhaibheri rakati, “Omberai mawoko enyu. Itai ruzha rwemufaro kunaShe.” Munoziva, ndagara ndichida kuridza mumhanzi. Mwanasikana wangu, Rebekah, ari kudzidzira piyano. Mwanakomana wangu muduku ari kudzidzira bhosvo. Asi ini—ini ndakadzidzira rudimbwa rwetambo gumi. [Hama Branham vanotanga kuwombera namawoko avo.]

Anoshamisa, shamisa, Jesu kwandiri,  
 Gurukota, Muchinda weRugare, ndiYe Mwari  
 Samasimba;  
 Kundiponesa, kundichengetedza kubva  
 kuchose chivi nokunyadziwa,  
 Anoshamisa muDzikinuri wangu, rumbidzai  
 Zita raKe!

Munomuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka,  
 Chouya apo madonhwe edova retsitsi openya;  
 Achitivhenekera pose masikati nemanheru,  
 Jesu, Chiedza chenyika.

Tichafamba muChiedza, Chiedza  
 chakaisvonaka,  
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
 openya;  
 Achitivhenekera pose masikati nemanheru,  
 Jesu, Chiedza chenyika.

<sup>255</sup> [Hama Branham vanotanga kuimba nemahon’era, “Jesu, Chiedza cheNyika,” uyewo ungangano inoimba nemahon’era pamwe navo—Mupepeti.] Shumira Mwari nezvose zvaunazvo.

Kana vatsvene vopinda,  
 Kana vatsvene vopinda,  
 Ishe, ndinoda kuva mumwe wavo  
 Kana vatsvene vopinda.

O, kana voMugadza Ishe wazvose,  
 Kana voMugadza Ishe wazvose,  
 Ishe, ndinoda kuva mumwe wavo  
 Kana voMugadza Ishe wazvose.

O, kana zuva roramba kupenya,  
 Kana zuva roramba kupenya,  
 Ishe, ndinoda kuva mumwe wavo  
 Kana zuva roramba kupenya.

<sup>256</sup> Munozvida here izvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]  
 Zvino handizivi kuti tsoka dzenyu dzakatendeuka here,  
 hamuchatambazve, kunze uko munyika? Maona? Ngatiridzei  
 pasi netsoka dzedu, kunaShe, kunaShe. Iwe, ko mawoko  
 ako akatendeuka here, hauchabazve zvakare? Miromo yako  
 yakatendeuka, hauchanyepizve zvakare? Usangoisa chinamoto  
 mumusoro wako, chiise pauri wose. Ndizvo chaizvo. Zvinitora  
 munhu wose. Ndizvozvo. Iye zvino ngatiridzei pasi netsoka  
 dzedu.

Kana vatsvene vopinda,  
 Kana vatsvene vopinda,  
 Ishe, ndinoda kuva mumwe wavo  
 Kana vatsvene vopinda.

O, kana vatsvene vopinda,  
 Kana vatsvene vopinda,  
 Ishe, ndinoda kuva mumwe wavo  
 Kana vatsvene vopinda.

Iye zvino ngatingosimudzai mawoko edu.

Kana vatsvene vopinda,  
 Kana vatsvene vopinda,  
 O Ishe, ndinoda kuva mumwe wavo  
 Kana vatsvene vopinda.

Kana voMugadza Ishe wazvose,  
 Kana voMugadza Ishe wazvose,  
 Ishe, ndinoda kuva mumwe wavo  
 Kana voMugadza Ishe wazvose.

<sup>257</sup> HaMumude here? [Ungano inopembera, “Ameni! Kubwinya!  
 Hareruya!”—Mupepeti.]

Zvadaro tichafamba muChiedza (Iye ndiye  
 Chiedza, munoziva), Chiedza chakanaka,  
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
 openya;  
 Hongu, kutivhenekera pose masikati  
 nemanheru,  
 Jesu, Chiedza chenyika.

<sup>258</sup> Munotenda here kuti ndiYe Chiyedza chenyika? [Ungano  
 inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munotenda? Pauro akati, “Kana  
 ndichiimba, ndinoimba muMweya. Kana ndichinamata,  
 ndinonamata muMweya.” Munoono, zvose zvaunoita, zviite  
 zvose uri muMweya. Ndizvozvo. Zvino Mweya unounza Upenyu  
 kuShoko. Ndizvo here? Ndizvozvo. Hongu, changamire.

Mose vatsvene veChiedza taurai,  
 Jesu, Chiedza chenyika;  
 Nyasha netsitsi muZita raKe,  
 Jesu, Chiedza che . . .

Zvino tinozoita sei?

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka,  
 Chouya apo madonhwe edova retsitsi openya;  
 Achitivhenekera pose masikati nemanheru,  
 Jesu, Chiedza chenyika.

<sup>259</sup> Ndine hurombo nokukuvhiringidzai imi varidzi, zvakadaro, asi ndinobva ndangobatikana. Handizive zviri nani pane kungorumbidza. Ndiwo maitiro amunozviita. Hongu, changamire. Ndinotenda nomukana uno, Hama Mack, wekuuya kuzonamata nemi nechechi yenyu pano manheru ano, vanhu vose ava vakaisvonaka.

<sup>260</sup> Zvino kunemi imi masimudza mawoko enyu munoda rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ndinovimba kuti muchasangana naMufundisi Mack vari pano, kana vamwe vavo, zvino mozoenda mukamuri iri seri kuno. Uye ingorangarirai, Mwari pavakataura Shoko pakutanga, ndokuti “ngakuve ne,” zvaitozofanira kuvepo! Uye Akati, “Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yekururama, nokuti vachagutswa.” Munoono, zvinofanira kuiitika. Mouya kuzoshanyira mufundisi wenyu pano, nokumira naye paanenge achiparidza Evhangeri.

<sup>261</sup> Iye zvino ngatiimbei zvakare chimbo chiya chakare chakanaka, ndinongochida, “Tichafamba muChiedza.”

<sup>262</sup> Jesu wakati, “Ini ndini Chiedza,” uye imi muri maAri. Maona? Unopinda sei maAri? KuMujoinha? Kwete. Kwaziso? Kwete. Rubhabhatidzo rwemumvura? Kwete. “NeMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe, unova ndiwo Mutumbi waKristu.” Zvino mumutumbi iwoyo mune zvipo zvipfumbamwe zvinoshumira nemumutumbi wepo ipapo, chechi yepo. Ndicho chiapostora, kana ndakamboziva nezvacho. Ndizvozvo.

Saka tichagara muChiedza, muChiedza  
 chakanaka,  
 Chinouya apo madonhwe edova retsitsi o . . .

[Hama Branham vanotaura naMufundisi Mack—Mupepeti.]  
 Zvakanaka! . . . ? . . .

Achitivhenekera pose masikati ne . . .

[Hama Branham vanotaura naMufundisi Mack—Mupepeti.]  
 Wanga uri mufaro chaiwo! [Hama Mack vanoti, “Maita henyu,  
 hama. Maita henyu.”]



*NYOTA* SHO65-0919  
(Thirst)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Svondo manheru, 19 Gunyana, 1965, paGrantway Assembly Of God muTucson, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)